# Kutsanangura Humwari

Chicago, Illinois, USA
61-0425B

1 Ndinotenda,Hama Carlson. Ndinokukwazisai mose hama nehanzvadzi vari muna She.Chi…ndinonzwa dzimwe nguva kusada kusimuka, kana ndichiteerera zvapupuzvinoshamisa izvi, nezvimwevo, sezvandanga ndichiteerera mangwananai ano.Uyezve, hama yedu munhamo namatambudziko, samatambudziko akapinda hamanehanzvadzi yedu yokuBhaptist; inivo ndaimbova mu—muBhaptist, pachangu,muMishinari Bhaptist, uye—uye ndichiziva zvazvinoreva kana hama dzako… Zvimwe chete zvakaitika kwandiri. Hama dzangu dzakandiramba, uye vakafunga kundidzinganokuti vaiti ndava kupenga. Uye ndakaona kuti, uye kazhinji ndakazvitauranamadimikira, "Kana ndichipenga, ndisiye ndakadaro, nokuti ndinofara sezvandirikupfuura zvandaiita nepfungwa dzakakwana." Hongu, changamire. Ndatenda. Regerandi…Zvino ifirosofi yangu yandiinayo, yangu.

2 Uye—uye ndafarira chaizvo iyi—iyinguva yokuva saizvozvi. Uye hama yeChurch of Christ ari pano, sezvatinoidaidza tichiita, kana kutiCampbellite. Uye ndinorangarira kuti vakanga vachirwisa zvakanyanya misanganoiyi patakatanga. Asi, munoziva, tinaye ainzi Pauro imwe nguva akanga akadarovo,asi akazova mumwe wedu. Zvino ndinofunga kuti chavanotarira hupenyuhwaunorarama. Munoziva, nguva ipi zvayo, zviri nani kundiraramira mharidzo panokundiparidzira.

3 Imwe nguva yakapfuura, muparidzi mukuru, murume akanaka kwazvo wefull-Gospel;mose—mose munovaziva, ndinovimba kudaro. NdiRev. Booth-Clibborn; vanoparidzavhangeri mumitauro minomwe yakasiyana. Vakachenjera. Uye nda…Inyanzvi muzivo.Zvino taifamba tose pane imwe nguva, ivo nehama Moore neni, uye pane zvatakangatichitaurirana. Zvino ini ndaipesana nezvavaitaura, zvino vakacheukandokunditarira. Vakati, "Hauzivi Bhaibheri rako." Munoziva mataurire eHamaBooth.

Ndikati, "Ichokwadi, Hama Booth, asi ndinoziva Munyori waro zvakanyanyachaizvo."

Nokudaro, nokudaro ndi—ndinoda…Munoziva, kwete kuti kuziva Shoko Rakendihwo Hupenyu, asi, "kuMuziva ndihwo Hupenyu." Ndizvo chaizvo. Maona?Kunyangwe ndikaziva Shoko Rake; asi dai ndikaMuziva! Uye ndicho Chokwadi.

4 Mangwanani ano, ndanga ndichimhoresana, neboka iri rakanaka riri pano,ravaparidzi. Uye pano panga pakagara ava…handisi kuitira kuti ave anowonekwa.Asi papinda, hama, yagara yechitema. Ndati kumunyori wangu ari pano, "Uyo ndiyemuKristu chaiye."

Andifungidzisa zvakanyanya hama Elder Smith aiva weChurch of God in Christ,ndinotenda kudaro. Ndaivaparidzira zvakanyanya ikoko, uye—uye ndiri kutoonazvavaiva. Vairatidzika sehama iri pano iyi, chete ivo vaiva nendebvu chenadzapamuromo. Ndaipinda nomukova weseri, uye handikanganwi kutaura kwomukuruuyu; aisitarisa mudenga, uye vatsvene vose vainge vachiimba, munoziva. Zvinopaiva nomusikana aigara pakona. Uye rwiyo rwandaidisa ndiLift Him Up. Vosevaiuchira maoko, maitiro echipentekosta, munoaziva, Lift Him Up. Vaindida, uyeini ndaivadavo. Uye pataipinda. Vaiwanzogara apo, nomusoro wavo wakadai izvi,padhesiki, vachivatarisa, munoziva. Vaiti, "Pindai, mukuru. Tsvetai ngowani.Tsvetai ngowani."

5 Hama iyi iri pano; uye ndakazoziva, ipapo, kuti muimbi wenzimbo dzeEvhangeridzandinodisa mudzimai wake. Uye ndaedza kuratidza kwose kwandinokwanisa, kutiaimbe. Asi, zvino, akumbira kuti vasamudaidza, zvino ndinoziva zvazvinoreva.Asi ndichakumbira ndimene, kana vachikwanisa, vauye vaimbe.

Zvino, hamusimi here hanzvadzi yakaimba—yakaimba, rwunonzi Ship Ahoy, mamwemangwanani kuChristian Business Men, zvino? [Hanzvadzi inoti, "Hongu,changamire. Hongu."—Mupepeti.] Ndinovimba kuti mudzimai wangu achauya vhikiino, uye ndinoda kuti akunzwei, nokuti ndakavhaira zvakanyanya. Uye mukasazviisapatepi, tichapedzerana. Ndinoda kuimba uku kwakanaka.

6 Uye, ndaisiudza vanhu, ha—handikwanisi kuimba. O-o, zvangu, ndiri kure chaizvokwazviri. Asi ndakati, "Kana waswika Kudenga uchigara mumba yako huru,munoziva, kumusoro Ikoko," ndakati, "pasi pegomo, mukati mesango imomo, panengepane kaimba ipapo. Inenge iri yangu. Zvino mamwe mangwanani ukabuda pavharandawonzwa wakamira ipapo munhu, achiimba, 'Tsitsi dzinondishamisa! zvinofadza sei,dzakandiponesa!' Iti, 'Mwari ngaArumbidzwe! Hama Branham vakakunda.'" Ndinindinenge ndakateerera, ndichiedza kuimba ikoko.

7 Kuhama dzangu dzechiKristu, uyevo ku…ndinovimba kuti nokuhama yataratidzwa,mangwanani ano, somufundisi wechiBhudha, ari apo. Ndinokukwazisavo iwe,shamwari yangu inokosha. Ndakashanda zvikuru, kwete zvakanyanya, navanhuvechiBhudha; kunyanya muCanada, pakati pavanhu vokuChina, uye ndakaona varivanhu vano rudo uye vanofadza.

Ndinorangarira mumwe murume wechiBhudha kubva mutembere yechiBhudha, akauyamumusangano weWinnipeg, uye aiva bofu. Vanhu vakatsonga zvakanyanya, vanhuvanofadza, uye vaitendavo chokwadi kuti Mwari mupodzi. Zvino ndirikumunamatira, uye iye adzokorora kutaura, kuti aida Mwari sei, pakarepo

mazisoake akasvinudzwa, mu…Uye chakava chi—chishamiso chaicho. Nokudaro, ti—tinofariramunhu wose nani nani zvake.

8 Zvino, handina kumbova nenguva yakadai kamashure, muChicago, yokutinditaure…Zvichireva kuti, hapana mharidzo yandingaedza kuunza, nokuti varipopano vaparidzi vanokwanisa, kuparidza kundidarika. Asi, zvazvo, hamusi panokunzwa mharidzo. Asi ndafunga kuti ingava nguva yakanaka kuti ndisanganenavafundisi veChicago, dunhu rino iri, uye kuti ndizivane navo, uye tijairanetose.

Uye ndinotenda Ishe kwazvo nenguva iyi. Nokuti, ndakauya muguta rinokakawanda, ndichitsigirwa nechechi imwe chete, uye ndichitsigirwa neveChristianBusiness Men; uye, handina kuva nomukana wokutaura neboka rehama. Uye—uyevo ndakafunga, zvino pane zvakawanda zvinotevera shumiro seiyi,zvinouya, uye zvinofadza nezvisingafadzi, kusvikira zvinova nyore kuti munhuaite maonero asiriwo. Zvino ndinoda kutora maminetsi mashoma anotevera kuedzakutsanangura uye—uye kuisa pachena kuhama dzangu, kujekesa pandinokwanisa napo.

9 Ini—handina kukodzera uye handikwanisi ku—kutaura nyaya ingabatsira vanhuvakadzidza. Handina dzidzo, ndakaishayiwa. Asi ndaiva…Ishe ndinovada. ZvinoIshe vakandipa, imwe nziravo yokuponesa mweya, nechipo Chitsvene, kutichizadzise pakataira nokutadza kwavabereki vangu, kundipa dzidzo. Ndinobvamumhuri yavarombo, taiva vana gumi, uye baba vaiva ndonda, zvino handinakukwanisa kuwana dzidzo yechikoro.

Saka zvino, asi, pakuzvarwa kwangu, panechinhu chakaitika, zvichiitwa naMwari, kuna mai nababa vangu.Uye makaverengarungano rwangu. Uye, naizvozvo, ndinoedza kuisavo chidimbu changu, pamwe chetenemi hama, kukwezva vatadzi kuna Kristu. Uye iko zvino…

10 Zvino handitendi zvokufembera. Asi nguva dzose, ndisati ndavhura Shoko, ndinodakutaura kuMusiki zvishoma. Tikotamisei misoro yedu zvakare kwechinguva.

Baba vedu vanokosha, Muri Mwari wedu, tiri kuswedera kwaMuri takamiriraEvhangeri. Ndiri pano pamberi pavana Venyu, vafudzi Venyu, uye nehamadzokutenda kumweko. Zvinofadza mwoyo wangu kunzwa varume ava vasinakunzwisiswa, vakaiswa mumajeri, nokuda kwoHushe hwaMwari; tichiona kudaidzakwaMuri kuita vana Venyu mumazuva ano okupedzisira.

18Tinotenda, Baba, kuti tiri kurarama kumagumo ezvose. Sokutaura kwomuprofita,"Asi nenguva yamamheru pachava neChiedza." Uye tinotenda chaizvo kuti tirinhume dzeChiedza chikuru cheEvhangeri chaMakabvumira, kuti nenyasha Dzenyu,titakure kusvika kumagumo enyika, kwaenda rumutsiriro runo.

Uye ndinonamata, Baba, kuti, kubva mumwoyo mangu, Mundibatsire kuti ndikwanisekutaura kuhama dzangu, mangwanani ano, donzvo nechinangwa chohupenyu hwangukwaMuri, kuti vagonzwisisa. Itai, kuti tigova norudo rwakakwana, kuyanana,kubatana, uye kushanda kwose kweEvhangeri. Tinozvikumbira muZita raJesu,Akanamata kuti tive vamwe, saIye naBaba Vake vaiva Vamwe. Tichitenda izvi,kuti, "Neizvi vanhu vose vachaziva kuti muri vateveri Vangu, kana mune rudo,mumwe kuno mumwe." Ameni.

11 Zvino ingo…Uye ndinovimba nokutenda kuti handikuremedzii hama nehanzvadzi,neizvi. Asi ndinofunga kuti ndinoda kujekesa, kuti mugorega kuzonzwazvinotaurwa nomumwe mumafungire ake. Ndakatsanangura, kazhinji, mune imwemisangano yavaparidzi, asi ndiko kokutanga kuboka reChicago, uye ndinoda kutimundinzwisise zvakanaka, pane zvandiri kuedza kuita.

12 MuShoko dzvene pano, pachitsauko 26 cheBhuku raMabasa, tinoverenga.

Naizvozvo,mambo Agripa, handina kuramba kuterera chiratidzo chokudenga:

Uyu, tinoziva tose, kuti ndiPauro ari kutaura. Uye, isu, vaparidzi tose, tinodakunongedzera kwaari, nokuti a…Isu, pamwe chete, tinobvumirana kuti akanga arimuapostora kuchechi yamaHedheni, akadanwa naMwari ku—kuva chapupu kumaHedheni.Pakanga paita mubvunzo pamharidzo yake. Kazhinji, chinhu chose chisina kujairwa chikasimuka, mibvunzo inovapo. Izvi,ndinofunga kuti hapana chakaipa ipapo; zvakafanira kuti vanhu vabvunze.

Uye ndinofunga kuti vafudzi dzimwe nguva vanochenjera—zvinhu zvavanonzwa, zvinondinofunga kuti vane kodzero yokudaro. Nokuti, kana ndichiziva kushandurwakwenzwi rinoti pastor, rinoreva "mufudzi." Zvino, nokudaro, mu—mu—mufudzi, kanamutariri, weboka ravarume navakadzi raakaitwa mutariri noMweya Mutsvene. Zvinoane kodzero yokuziva chikafu chiri kudyiwa namakwai ake, uye kwachiri kubva.Ndinofunga ane kodzero iyoyo. Zvino kana mufudzi, dzimwe nguva kana vanhu, vakaita sokuchenjerera, hazvimbo,hazvifaniri kunetsa ani zvake. Zvinofanira kutounza kuremekedza kumwoyowomunhu, kumunhu akadaro—angavhunzurudza.

13 Uyevo, kunyange, kana usina chokwadikuti wakamira zvakanaka, haugoni kufamba nokutenda? Ukaisa mupfungwa dzako…Zvino, izvi zvinoita sezvepfungwa; pamwe zvinenge ndizvo,izvo ndizvo, asi hazvinei zvakanaka. Asi kana ukafunga, kubva pakadzika pomwoyowako, kuti haukwanisi kusimuka

patafura ipapo, zvichida hauzokwanisi. Maona?Uno…Zviri nyore zvakadaro. Unofanira kutenda. Unofanira kuva nokutenda. Unofanira kuva nokugutsikana.

Zvino ungagutsikana sei nechinhu—chausingazivi kwauri kuenda? Ndingadhiraivhasei munzira yandisina kumbofamba, ndichimhanyisa kwazvo, nomumakona,ndisingazivi zvinotevera ndapfuura kona? Unofanira kuona kwauri kuenda, kanakuti haungazivi mafambiro. Ndizvo zvinofanira kuita ani nani. Zvinopaunokwanisa, unoona, nokuti zvazarurwa kwauri, zvino woziva kwaunoenda, uyehapana chichakumisa.

14 Uye, ndinofunga kuti, Pauro, zvaaida kuudza Agripa pano. Kuti, iye—aivaudzakuti, "Kare ndaimbova mumwe wenyu." Uye ndinotenda, kuti, kana—kana hama iyi yeBhaptist, ikaenda kuchechiyeBhaptist mangwanani ano, iye nomudzimai wake, chingangova chapupu chavo."Ini—ndaimbova mumwe wenyu." Kana, Church of Christ, kana—hama yeCampbellite vari pano, vakaenda ku—kuvanhuvavo. Ndinotenda ine zita riri nani; Vateveri vaKristu ndiwo madeedzerwe avo,asi vanotevera dzidziso yaAlexander Campbell. Zvino Church of Christyakabudavo, munoziva, nechikonzero chokuimba nokuridza. Ndizvozvo, handizvohere? Zvino kana vakadzokerako, vanondoti, "Ndaimbova mumwe wenyu."

15 Zvino apa Pauro anodzokera kuna Mambo Agripa, naFesto, achiti, "Ndaimbova mumwewenyu. Ndaiva muFarisei wamaFarisei." Akadzidziswa naGamarieri, mudzidzisimukuru, aiziva maitiro nemirairo yavo yose, uye zvavaitenda nezvavaisatenda.Akati, "Kana ini ndakatambudza Chechi yaMwari kusvika pakuuraya." Munoona?Akati, "Ndaiva mutambudzi, wezvinhu zvandiri kubvunzwa nezvazvo."

Ndakagara ndichifunga kuti rufu rwaStefano rwakatambudza Pauro, paakaona kubwinyakwechiso chaStefano. Paakatarira kudenga, mavhinga achimutema kuti afe, akati,"Ndinoona Jesu amire kurudyi rwaMwari." Zvino munoziva, ungakwanisa kuurayanhume, asi haukwanisi kuuraya mharidzo yake. Ichokwadi. Zvino mharidzo,kunyangwe Stefano akanga aenda kundova naJesu, asi, mharidzo yake yakaendereramberi, nokuti Pauro akaramba achitaura nezvayo, uye, aiva "mudiki" pana vose,uye asingakodzeri kuva mumwe wavo, nokuti akaona uye—uye akabatsira pakuurayamutsvene uyu.

16 Zvino, Pauro, sezvinoita, varume vose, pamberi pedare, Pauro akatora ma—maitiroake, kumashure, kubva pakutanga, kusvikira paakanga ava; ndokuzvitsananguraachizviratidza neGwaro, kuti maitiro ake akanga ari paShoko. Kunyangwezvaipesana namatendere avo, asi akavaratidza kuti aiva Magwaro. Nokudaro, ndinofunga kuti isu…Chipi zvacho, sokutaura kwangu kazhinji, hama,imi makambopinda mumisangano, kuti, kana ndikazowanikwa ndichitaura zvinhuzvisiri muMagwaro, zvino ndinotenda ichokwadi kuti…kana hama ipi zvayo, tinotofanirakutorana toti, "Hazvisiri muBhaibheri," maona. Kana zviri muBhaibheri, ungavanedudziro yakasiyana; asi, kana, zviri muMagwaro, zvakanaka.

17 Zvino, Pauro aipa dudziro yake pane zvakanzi nomuprofita, uye zvakanzinaMosesi, zvaizoitika. Uye akaona Jesu panzira, muchiratidzo. Zvino Jesu uyuakamudaidza. Zvaisafanira kuva, zvinhu zvakaoma kumaJudha aya, sezvaakati, "Imi munokudzwamambo Festo," uye—uye nezvimwevo, akati "zvingakushamisai here, kuti Mwariamutse vakafa?" Maona? "Nokuti kana muchiziva zvakaita Mwari kare,na—naMagwaro, chokwadi munoziva kuti Anokwanisa kumutsa vafi."

Zvino akati, akavaudza zvakaitika panzira achienda Dhamasko, zvakaitika, kuti,vazive kuti Jesu iyeyu —wavaiitira bongozozo rakanyanya pamusoro pokuparidzakwaaiita, Akanga ari Mwari mumwe chete wavainamata nguva dzose. Nokuti, Aivanavo murenje, Akavatungamirira, ari Chiedza chiya; Mwoto, Shongwe yoMwotoyakavatungamirira. Uye Akazviratidza kuna Pauro nenzira imwe chete, seChiedzazvakare, chakamupofomadza.

Akati, "Ndimi Aniko, Ishe?"

Iye Akati, "Ndini Jesu, waunotambudza. Uye zvakaoma kuti upfure zvibayiso."

18 Aiedza kutsanangura kwavari kuti chaiva chii, uye—uye aiedza kuvadzidzisa kuti,zvaaiparidzira vanhu, akanga, ari, "Jesu Kristu aiva Mesiasi, uye kuti Akafa,Mwari akaMumutsa." Zvichienderana naMagwaro. "Uye kuti zvino Akakwira Kumusorokudenga, kuna Mwari Baba," uye kuti—kuti iye aiva chapupu chokumuka Kwake.Zvakare, kuti, mashura aya, nezviratidzo, nezvishamiso, zvaishamisa kuvanhu,zvakanga zvisiri zvitsva kumutendi, weShoko chaiye, nokuti Bhaibheri rakatauranezvazvo.

19 Tarirai shure kuvaprofita, kuti vakaprofita sei, nezvokuuya, kwaMesiasi, uyenezvaAizoita, "Anokamhina achakwakuka senondo," muna Isaya 35 uye Magwaroakasiyana-siyana aangadai akataura. Pano hatina pakanyorwa, asi zvichidatikadzoka kumashure tichinongedzera kumharidzo yake pfupi pamberi pamadzimambo;nokuti, zvichida havana kumupa nguva kuteerera sezvamungaita kwandiri.

Zvino,iye—aitsanangura, achiedza kuvaudza kuti Mwari wavainamata… Uye, zvakare, akati, "Nenzira inonzi kupenga," zvichireva, "hupenzi," munoona."Nzira inonzi hupenzi, ndiyo nzira yandinonamata nayo Mwari wamunonamata."Maona, "Nenzira inonzi kupenga."

Ndine chokwadi chokuti, nhasi uno, tikamira namachechi edu ataimbopinda,sePresbyterian, Katorike,

Bhaptist, nedzimwe, tingataura zvimwechete kwavarivanoti vanoda, sokuisa, hama muwadhi yamapenzi, kana zvimwe zvakadaro. "Nenzirainonzi hupenzi, ndiko kunamata kwandinoita Mwari wamadzibaba edu."

20 Zvino chakanga chiri chapupu chikuru chakadini kuna Agripa, uye ari pakatipetsananguro yake, Agripa akadanidzira, akati, "Pauro, Sauro, unenge unodakundiita muKristu." Tarisa, kuti, akajekesa Magwaro zvakadini, kunyangwezvaipesana nesinagoge rake. Asi Magwaro akanga ava pachena zvakanyanya,kusvikira akati, "Unenge unoda kundiita sezvauri."

Pauro akati, "Ndaishuva dai maitwa, seni, kusiya kweketani idzi dzandinadzo,maona," asi kuva mutendi saiye. Namamwe manzwi, kana ini…"Ndinoshuva kuna Mwarikuti muone kuzarurirwa se—sekwandinako." Namamwe manzwi, "Ini—Ndinoshuva kutideno madaro." Maona? "Ndinoshuva kuti mudaro."

Apo, Festo, ndinotenda kuti, akamuudza kuti akanga "adzidza zvakanyanya,"akanga ava "kupenga." Asi akamuratidza kuti akanga—asingapengi; kuti iye—aizivazvaaiita.

21 Zvino ndingataura izvi, mangwanani ano, hama. Ini ndinoda kurerekera…Kwetekuhupenyu hwaPauro, asi kungotarauravo zvishoma. Nokuti, varipo pano vazhinjivangangotaura mangwanani ano, asi ndaida panguva ino kutaura izvi. Zvinondinoshuva kuti chechi imwe neimwe, sezvandanzwa muchitaura, Bethel Temple,Independent, Assemblies of God, nedzimwe dzakadaro…Ndinoshuva kuti dai mukaonazvandiri kuona. Dai maikwanisa, ndinoshuva kuti dai maikwanisa kuona zviratidzozvandinoona, zvino munozonzwisisa zvakanaka, shumiro iyi.

22 Pandakabuda muchechi yeBaptist, kuuya mupentekosta; nguva iyoyo Dr. Roy E.Davis, vakanga vandigamuchira kupinda muchechi yeMissionary Baptist,vakandiudza kuti ndakanga ndaita hope mupengo, pakauya chiratidzo chaSheuye—uye chikataura neni. Uye—uye munoziva kuti kutenda mukupodzwa kwavarwerekwaiva papi, kwakanga kwakaderera kwazvo. Uye—uye handina zvandaiziva nezvePentekosta. Ndakanga ndanzwa kuti ibokaravatsvene vasingazvibati vachibuda rute sembwamupengo, uye vaiitazvokuvafuridza kuti vabengenuke, uye nazvose zvakangodaro. Ndizvo chetezvandaiziva pamusoro pavanhu vePentekosta.

Vakati,"Unofunga angakunzwa ndiani?"

Ndikati, "Kana Mwari achindituma, kuriko kwaAri kundituma uye aripo andirikutumwa kwaari." Ndizvozvo. Munoona? Nokuti, ndakati, "Dr. Davis," ndakati,"Kwakanga kusiri kufananidzira; Ndakamira ndikaMuona," Ndakadaro. Akandiudzanezvezviratidzo izvozvo…

23 Ndinotenda zvikuru, hama, kuti—kuti zvipo nokudanwa kwake hazvishandurwi.Ndi—ndinozvitenda. Unoberekwa, haungashanduki kuva zvausiri. Uye pose paunoedzakuzvishandura, uri kuita munyengeri. Zvino Mwari ngandife zvangu pakuti ndivemunyengeri, maona. Ngandive zvandiri, uye zviri pachena zvinoonekwa. Zvino—zvino,ipapo, nga—ngandive izvozvo, zvino munhu wose anobva aziva. Woziva sezvazviri.

Zvino, sezvamunoziva, handina kudzidza chikoro, sezvandareva. Zvino mu…mudzidzodzeBhaibheri, ndini asina zvaanoziva. Ndinofunga munozviziva, maona. Uye kutindiri muparidzi, ndinotoshaya kuti ndingazvidaidza sei kudaro, nokudakwokushaya dzidzo nokusakwanisa kutaura manzwi sezvaanoitwa, nezvimwevo. Asizvishoma zvandinoziva, ku…sezivo yangu, nezvaShe Jesu, nenyasha Dzake,ndinoedza kugoverana nehama dzangu kwose kwose, kugoverana izvi.

24 Zvino, asi, pandakabuda muBhaptist chechi; inova chechi bedzi yandakanga ndirinhengo, kana kuti yandakanga ndagadzwa mairi. Uye ndakagadzwa mugore ra1933,muchechi yeMissionary Baptist, kuJeffersonville, kuIndiana. Chechi iyi ibatore—re…reSouthern Baptist Convention. Zvino, panguva iyi, nda…pandakabudandikango… Zvino, chechi yeBhaptist imwe neimwe yaiva nesimba rokuita zvainoda. Tose—tosetinozviziva, ine—ine…Unokwanisa kuparidza chose chaunoda, kana zvichitsigirwaneungano yako ichikwanisa kuzvitenda. Vanongo…Unoparidza zvaunoda. Uye ndinozvifarira izvi, munoona, nokuti ndinotenda ndizvo zvaiitwanavaapostora. Nokuti, musoro, nzvimbo huru muchechi, mufudzi, tinozviziva izvi,kuti mufudzi. Zvino—zvino kana—izvi…Kana mumwe bhishopi kana mumwevo zvakeachidzivisa kuzarurirwa kwomufudzi, zvino Mwari angashanda sei muchechi yake?Maona, haungazvinzwisisi. Nokudaro, ndine…

25 Nokudaro pandakabudamo, ndakasangana neboka rokutanga, pakapodzwa mwana BettyDaugherty, paSt. Louis, kuMissiouri. Zvino yakanga iri Pentecostal United, kanakuti Pentecostal chechi inonzi Jesus' Name, kwaipinda mufudzi uyu, uye mwanawake akapodzwa. Kutaura pachena, ndakafunga kuti ndizvo zvakaita kuti avemupentekosta, nokuti vaizviti, "Jesus Only." Uye ndaifunga kutindovepentekosta, nokuti vaizvidaidza kudaro, uye ndaiti ndiwo waiva mutsauko.

Zvino, zvakanaka, kubva ipapo ndakaenda ku… Uye mumwe murume; aiva nomusangano mukuru muSt. Louis, mufananidzo wachounoonekwa imomo. Takapindira muKiel Auditorium; uye manheru okutanga,neechipiri, makapinda zvuru gumi nezvina, hatina kutombokwanisa ku…vakatozoisamapurisa

pamikova, kumisa vanhu kuti vasapinda.

26 Tichibva ipapo, takaenda kwaRichard T. Reed, weBlessed Old Bible HourTabernacle, kuJonesboro, aiva wesangano rimwe chete. Kubvapo takaenda, kwaDr.G. H. Brown, wesangano rakare iroro, pa505 Victor Street muLittle Rock, irimuArkansas. Uye, tichibvapo, takaenda kumuganhu negungwa kuMadokera.

Zvino, pandakasvika kuMadokero, ndakapinda mumwoto. Ndakazoona kuti pakangapane mapoka akawanda amapentekosta, mumasangano avo, sezvatinazvo kuBhaptist.Maona, akanga—akanga akawanda kwazvo akasiyana-siyana, vaivapo, vakasiyana.Paiva neAssemblies of God, Church of God, nedzimwevo, neiyi, neiyo,ne—nedzakasiyana-siyana. Uye dzichipesana, zvino vakanga vapamuka-pamuka uyevaisirana miganhu. Zvino dzimwe hama dzose dzikatanga kuuya kwandiri, dzichiti,"Saka, muri Jesus Only, ndokusaka muchishanda neboka iri."

Ndikati, "Kwete, handi—handizvidaidzi kudaro." Maona?

Akati, "Sei,muchidyidzana navo?"

Ndikati, "Asi, hazvi—hazvindiiti mumwe wavo." Maona? Uyendakati, "Ini—ini—ndinongo…Dzinongova hama."

Akati, "Hauzivi, iboka re…Hauzivi, kuti havana chavanacho kunze kwokuva bokaramagora nezvimwewo, akazvigarira, saizvozvo. Apo…"

Ndikati, "Zvino, wati chii. Ndinosangana navanhu vano humwari chaihwo imomo.Uye vanhu vaMwari." Uye ndakati, "Ini—handidi kuti vakaipa; nokuti, havanakudaro."

27 Zvino, ndakaedza kuzvisiya zvakadaro, ndisina rutivi rwandaitora. Zvino,ndakatanga kuziva kuti chavaitenda chii, uye kuti kupesana kwavo kwaiva papi,uye kuti chii chakaita kuti vasiyane. Zvino ndakaona kuti mapoka maviri makuruacho, rimwe, rainzi Jesus Only, rimwe richinzi Assemblies of God. Vakabuda,kana kuti vakaparadzana, nokuda kwenyaya yokubhabhatidza nemvura; vamwevachishandisa "Baba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene," vamwe vachishandisa Zitara"Jesu."

Zvino, ndakatarira, ndikaona kumapoka ose kwaiva navarume vane mbiri, varandavaMwari. Ndakafunga kuti, "O Mwari, dai ndikaona vachibatana, vaenderere mberiuye vave ne …asi vasingaisi miganhu, voti, "Hatiwadzani." Asi ndakaona, mukatimavo, kuti mweya wakaipa wapinda pakati pavo ukakonzera ruvengo negodo, panyayadzavakanga vasingabvumirani. Ndakafunga kuti, ndizvozvo chaizvo zvinodiwanadhiaborosi. Ndizvo chaizvo zvaanoda. Kana muchinongedzerana pfuti, iye anobvaazorora zvake. Uye ndi…

Zvino, pamagumo, zvakazosvika pamangange. Mangange aya akaitwa paSeattle,muWashington, ringangova gore ra1946.

28 Mamwe mangwanani ndakaunzwa pamusuvoweimwe hotera, yakafanana neino, kuti tive no—nokudya kwamangwanani navamwevaparidzi. Ndainyanya kutaura navarume vaviri vaiva vakuru vacho. Mumwe wainzi Dr. Ness. Ndinofunga kuti imi hama dzeAssemblies of Godmunomurangarira. Kwaiva kunzvimbo yokumavirira kwemaodzanyemba; murumeanozikanwa, akachenjera, akadzidza. Uye aimirira Assemblies of God. Kuchiuyavo, Dr. Scism wechechi inonzi United Pentecost. Ndinofunga imi hamadzeUnited Pentecost munovarangarira. Aibvavo kumatunhu emavirirakwemaodzanyemba ikoko, ndiye aiva mukuru nomutungamiriri wenzvimbo dziriko.

Zvino, varume vaviri ava vakasangana. Uye ndakanga ndichifanira kuzotaura navo,nokuti zvinhu zvaka—zvakanga zvaipa, zvichinanga ini kubva kumativi ose.

Ndakafunga kuti, "Ndoita sei? Ndingaita sei?"

29 Zvino, zvakanaka, vakati, "Zvakanaka, unofanira kuti utore rutivi navava kanaavo. Kana ukatora rutivi noveJesus Name, unenge uri weJesus Name. Kana watorarutivi noveAssemblies of God, wosiyana noveJesus Name, wova weAssemblies ofGod, kana zvakada kufanana neizvi." Zvakasvika pachinhanho chokuti ndaifanirakuratidza pandakamira.

Ndakanamata chaizvo mangwanani acho ndisati ndaenda. Ndakati, "Mwari,ndibatsirei. Nokuti, pana varume vaviri ava vano mukurumbira; nezvuruzvavaranda. Uye Makandituma nemharidzo. Zvino vose varanda Venyu.Ndingatsamirana here nerimwe sangano iro richirwisa rimwe?" Maona? "Ini—handionizvakanaka kuti ndidaro. Handifungi kuti kungava kuda kwaKristu kwandiri kutindidaro." Ndakati, "Mwari, ndibatsirei mundipe chimwe chokuita, kana chimwechokutaura." Zvino handina mumwe wandaiva naye. Ndaitomira, ndoga naShe Jesu bedzi, mangwananiiwawo.

30 Zvino, dhibeti guru rakatanga. "Tinoda kuziva kuti uchaita sei?Ucha—ucha—uchatora sarudzo ipi?"

Ndikati, "Sarudzo yangu yakatoitwa. Kuti, sarudzo yangu, kumira pakati penyu,ndisina bato randinomira naro; ndoti, ndakakumbundikirai mose, 'Tiri hama.'Maona? Maona, tiri hama. Maona? Uye ndakati, Ndakaedza kuverenga mabhuku oseandaikwanisa, kuti ndione kuti zvakatanga sei, izvi zvainzi 'dzidziso itsva,'uye kuti vakatsaurana sei, uye kuti uyu akatanga nenzira iyi neiyo sei." Uyendakati, "Gakava riri pakati penyu," ndakati, "ndizvo zvakaparadzanisa vatendivapapenticosta, pazuva… kumashure kwePentekosta. Vakatanga kukakavadzana." Uyendakati, "Ndizvo zvinokonzera kupesana zvakare." Ndakati, "Pangava netariro here yokuti muyanane pakati penyu, imi hama? Chiripohere chinga—chingamiswa?"

Zvino, havana kukwanisa kupindura, nokuti vakanga vachipesana zvakanyanya.Munoziva, makore gumi namashanu, kana makumi maviri apfuura, kuti zvakangazvakaita sei, nokuti rimwe boka rakanga rabuda mune rimwe, uye paiva negakakavaguru kwazvo.

31 Zvino ndakati, "Zvakanaka, hama, hezvino zvandichaita. Ndicha…Mwari haana kungeandituma kubhabhatidza, zvisinei. Uye Akandituma kunamatira vana Vakevanorwara." Ndakati, "Zvino, ndicha—ndichanamatira vana vake vanorwara, asi imivaparidzi bhabhatidzai henyu," ndakadaro.

Ndakati, "Zvino ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu, kuti munzwisise." Ndakati,"Hama Ness, ava vanhu veJesus Name, munotenda here kuti pavakataura nendimivakagamuchira Mweya Mutsvene nokuita zvimwe chete zvamunoita imi muAssembliesof God?

Vakati,"Hongu ndinozvitenda."

Ndikati, "Hama Scism, munotenda here kuti veAssemblies of God pavakatauranendimi waiva Mweya Mutsvene uye uchiita zvimwe chete sezvamakaitapamakaugamuchira?"

Vakati,"Hongu, ndinotenda."

Ndakati, "Zvino, Bhaibheri rakati, 'Mwari anopa Mweya Mutsvene kuna vanoMuteerera.'Zvino, ndiani akamuteerera? Ndiani akaMuteerera? Ndiani wenyu akaMuteerera? IyeMwari akakupai mose Mweya Mutsvene, maona." Ndakati, "Hama Scism, mungati here, Hama Ness havana Mweya Mutsvene?"

Vakati,"Kwete."

Ndakati, "Mungati here Hama Scism havana Mweya Mutsvene?"

"Kwete."

Maona? Vaibvumirana kuti vose vaiva noMweya Mutsvene. Asi, munoona, hazvirevi chinhu, hama. Hazvirevi chinhu.

32 Ndakazonzwa, mushuremekanguva nezvazvo… (Ndichadzokerakunyaya yangu munguva pfupi).

Hama yechiFinnish iri pano iyi, kumashure kwokunge ndabva kuFinland; uko Mwariakatipa, sokufunga kwangu, mumwe wemisangano mikuru. Uko kwakamutswa, mukomanaakanga afa, nezvimwe zvakawanda. Ndakasangana naye muStockholm, kuSweden,ndaiva naLewi Pethrus weChechi yePhiladelphia ikoko, munhu waMwari anomukurumbira, weChechi yePhiladelphia. Hama Gordon Lindsay, vakanga ari panguvaiyi…ndinofunga. Handifungi kuti achiri kupinda ikoko, asi akanga ari nhengoyeAssemblies of God. Uye Assemblies of God inonditsigira zvikuru, pasi pose. Uye veFoursquare,vakabuda muAssemblies of God, vanonditsigira zvikuru. VeOneness, pasi pose,ndivo vamwe vatsigiri vangu vakuru. Maona?

Zvino ndakamira ndakadaro,ndichisiya zvinhu zvavaipikisana, ndikasarudza, kusatora rutivi panharo idzi.Kusvikira taona kuti tiri hama, uye tauya pamwe chete, uye tose tava—tava kuonachinhu chimwe chete, chatiri kuuya pachiri, chikonzero nechinangwa chatirikuitira izvozvo.

33 Uye iwe—unofanira kuera chido nechinangwa, kutanga. Kutanga, tsvaga kudakwaMwari; woona chinangwa chako; uyezve woera donzvo rako woona kuti rakanakahere. Zvino, sokutaura kwaJesu munaMarko 11:24, "Kana ukati kugomo iri, 'ibva,'usingapokani mumwoyo mako." Zvino kana uchipokana mumwoyo mako, kuti kudakwaMwari here, uye kana donzvo rako nechinangwa chako zvakaipa, zvingafambasei? Asi kana uchiziva kuti chinangwa chako chakanaka, uye kuti kuda kwaMwari,uye chinangwa chako chakanaka, zvinofanira kuitika. Ndizvozvo, kana kuti Mwariakataura zvisiri izvo.

Ndicho chikonzero, pandinomira ndichiparidza, mumachechi, handitauri zvinhuizvozvo papuratifomu, nyaya idzodzo. Ndinosiya zvakadaro. Maona, zviri kwamurivarume. Maona? Ndiri pano kukubatsirai kuunza vanhu kuna Kristu, nechipoChitsvene, munoona. Maona? Hazviiti kana mutsauko…Imi bhabhatidzai henyu. Asikana zvasvika…

34 Zvisinei, ndakadaidzwa mazita ose avaikwanisa. Ndakapiwa mazita, handizivi kutimangani, kubva pakunzi "mwa—mwanakomana waMwari ari munyama" kusvika pakunzi"dhiabhorosi." Chokwadi, zvose. Asi, seri kwazvo zvose, ndiri hama yenyu,mugari pamwe chete nemi muHumambo hwaMwari;

ndichishandira muHumambo, pamwechete nemi mose. Zvino ichokwadi.

35 Zvino, kana zvakanaka, uye muchifunga kuti tine nguva yakakwana, ndinodakukuudzai kuti takataurirana sei. Zvinganaka here, hama, kwakanguva? [Hamadzinoti, "Zvakanaka. Ichokwadi."—Mupepeti.] Hama, Hama Ness navamwe…Zvakanaka.Zvingangova zvishoma asi zvingangokubatsirai. Zvingangokubatsirai kunzwisisa,zvimwe.

Ndanyora, pano, zvimwe zvezvinhu zvandarangarira. Uye zvandatora panezvakaitikapo. Uye zvino vakandivhunza, kuti ndaitendei nezvo "hutatu,"ndaitenda here kuti kuna vanaMwari "vatatu?"

36 Zvino, hama, tichisvika pane izvi, ndinovimba kana, ndapedza, ticharamba tirihama sezvatanga tiri nguva dzose. Maona? Zvino ndinonzwa kuti ndine ngavakwamuri, nokuti vanhu venyu vanouya kumisangano yangu, zvino zvechokwadihandingadi kuti ani zvake aende, anyengedzwa. Ndinowanzotaurira vanhu vanondinyorera mivhunzo, iri kunze kwezvandinoparidzapapuratifomu…Zvino munyori wangu ari pano, uye nezvimwevo. Kana vandivhunzamuvhunzo, "Ko izvi, kana izvo?" Ndinoti, "Vhunzai mufudzi wenyu, maona. Nokuti, kana akakutungamirira kusvikapauri zvino, kusvika wagamuchira Mweya Mutsvene, achaenderera mberi newe, unoona.Iwe, waona, vhunza mufudzi wako." Nokuti, zvinhu zvidiki saizvozvo zvinokonzeranyonganiso, nokudaro ndinozvisiya, munoona.

37 Zvino, ndakanzi ndiri mu—murwisi wamasangano. Zvino, handizi. Ndinofunga kutimasangano anoshamisa, asi kana hurongwa hwesangano renyu hwaipa, ndizvozvandinopesana nazvo. Maona? Hazvinei kuti ndeveoneness, kana—kana trinity,kana ipi zvayo, hurongwa; hokuti munosvika pachinhano, imi zvino…munoti, "TiriveAssemblies of God."

"Zvino,ndiani avo vari mhiri kwenzira?"

"O-o, ihama dzedu. Vanonzi—vanonzi United Pentecost."

"Zvakanaka,ko avo vari apo?"

"O-o, ihama dzeFoursquare. O-o, tiri hama dzakanaka. Tinoyanana zvikuru, mumwenomumwe."

"O-o,munotenda zvimwe chete here?"

"O-o,hongu, tinotenda."

"Zvakanaka,zvino, sei makaparadzana?"

"Zvino, hama idzi dzinobhabhatidza nenzira iyi. Uye ava vanobhabhatidza nenziraiyi, vanomunyika nechiso chakatarisa pasi. Uye ava vanobhabhatidza…

38 Sezvinoitwa kuSouth Africa, hama, zvino takasvika ipapo. Vakandivhunza. Rimweboka rinobhabhatidza katatu, chiso chakatsikitsira. Vamwe vanobhabhatidzakatatu, negotsi. Uye vakati… Ndikati, "Munozviwana papi?"

Mumwe akati, "PaAkafa, Bhaibheri rakati Akawira mberi," vakati, "nokudarotinofanira kuvanyudza nokumeso."

Zvino ndakati, "Zvakanaka," kune rimwe boka, "maka…Ko imi?"

Vakati,"Makamboviga munhu kumeso kwakatarisa pasi here?"

Zvino, munoziva chii? Vakapesana vakaita mapoka maviri, masangano maviri. O-o,zvinonzwisa tsitsi, hama! Ndizvo chaizvo zvinodiwa nadhiabhorosi. Ndizvochaizvo zvaanoda. Hongu. Zvitorere…

39 Zvino, munoona, haizi Apostolic Faith Mission, kana—kana kuti—kana vePentecostalAssemblies, rimwe divi. Hazvisizvo. Kuna vanhu vakanaka mumapoka ose, savaripano. Asi, munoona, chinokanganisa hurongwa hwacho.

Zvakaita seKatorike, sezvandakataura kazhinji. Kana ari muKatorike, achivimbanaKristu paruponeso, akaponeswa. Chokwadi, ndizvozvo. Kana achivimba nechechi,akarashika. Mumwe wenyu pahama dzePentekosta zivai kuti, kana tichitarisirachechi yePentekosta kutiponesa, "tiri, pakati pavanhu, vanonzwisa tsitsichaizvo," ndizvozvo, nokuti takarasika. Ndizvozvo. Asi kana tichitarira kuna Jesu Kristu, takaponeswa zvino, "nokutenda kwako,"(chii?) mubasa rakapera. Uye zvinhu zvidiki izvi, zvokuti uri webato ripi,hazvipi mutsauko mukuru.

40 Zvino, sezvandati kuHama Scism, ku…neHama Ness, "Kupindura muvhunzo wenyu,"Ndakati, "zvino, handina divi randinotora hama. Uye ndinoziva, kana muchirikukakavara, mose makatsauka. Maona? Nokuti, zviri nani kuti ndikanganisepadzidziso yangu, mwoyo wangu wakanaka, pano kuipa mwoyo, dzidziso yakanaka."Maona? Ndakati, "Chine basa kunyanya, mamirire omwoyo wako."

Uye ndakaita tsika iyi, yokuti ndizive izvi; kuti kana munhu, hazvina mhosvakuti aitei, uye kuti

anopesana neni zvakadii, kana kuti anotii pamusoro pangu;kana mumwoyo mangu, kwete kuita somurairo, asi kubva pakadzika pomwoyo kanandisingagoni kuda munhu iyeye kufanana naani nani zvake, ndinobva ndaziva kutipane chisina kunaka mukati mangu umu, maona. Ndizvozvo, nokuti, hazvinei kanaa…

41 Imwe hama yakauya, nguva diki yapfuura, hama yakatsonga yeChurch of Christ. Uye,o-o, akasvikomira, akati, "Murume uyu ndidhiabhori." Maona? Akati, "Anoti kunoMweya Mutsvene." Akati, "Hakuna zvakadaro. Ivo, zvino, vadzidzi vaneguminavaviri chete ndivo vakagamuchira Mweya Mutsvene. Uye—uye kupodzwa kwavarwerekwakapiwa kuvapostora vane gumi navaviri ava." Akaenderera mberi, kwehafuyeawa.

Ini ndakati, "Ndipevo nguva, hama. Ndinofunga unofanira kundipavo nguvakutsigira Izvi, maona." Ndakati, "Wati unotaura panotaura Bhaibheri,uchinyarara paRinonyarara."

Iye akati, "Ndizvo zvatinoita."

Ndakati, "Zvino, wati vaapostora vane gumi navaviri chete ndivo vakagamuchiraMweya Mutsvene. Bhaibheri rinoti, 'Paiva nezana namakumi maviri mumbayapamusoro pakauya Mweya Mutsvene, madzimai navose.' Ungandiudzavo here, kutiPauro akanga asina Mweya Mutsvene? Uye akaUgamuchira kwapera nguva izvizvaitika, waona. Zvino wati chipo chokupodzwa chakapiwa vaapostora vane guminavaviri chete. Asi Stefano akaenda, shure kwamazuva mashoma, uye akanga asirimumwe wavane gumi navaviri. Akanga asiri muparidzi. Aiva mudhikoni, akaendakuSamaria akadzinga mweya yakaipa." Ndakati, "O-o, hama!" Rakanga rakanyararachaizvo pano, pawanga uchida kuti rinyarare. Uye zvapera, "Asi," ndakati, "Ndinokuregerera pakunditi dhiabhorosi, nokutindinoziva kuti wanga usingadi kudaro."

Zvino patakapedza, akauya. Akati, "Pane chinhu chimwe chandingataura. UnoMweyawaKristu."

Ndikati, "Zvino, hama, ndiri chii, dhiabhorosi kana kuti ndiri waKristu?"Maona? Maona?

42 Asi ndinokuudzai izvi, wonai, nokuti munhu, akakwanisa kuona kuti ndaimuda;kunyangwe zvake, aikakavara, nokurambisisa uye achituka. Iye…

Ndiri muvhimi, uye ndinogara nemhuka dzesango, hupenyu hwangu hwose. Uye vanhuvakati, "Sei…" Nguva iya yandakauraya bere riya, nebanga, maona. Vakati,"Wakanga usingarityi here?"

Ndikati, "Kwete. Dai ndakanga ndichiritya, ringadai rakandiuraya, maona." Asi, onai, haunga—haungaribati kumeso. Rinoziva kuti unotya here, kana kwete.Kana ukatya bhiza, tarisa zvarinokuita, rinokukava. Maona? Zvino kanauchitya…Haungarinyengedzi. Unofanira kunge usingatyi zvechokwadi.

43 Zvimwechete naSatani. Ndizvo zvazviri pakati pavanhu. Unofanira kuti ude vanhu. Haungabati kumeso.Unofanira kuva norudo, kana kuti zvauri zvichabuda pachena neimwe nguva, maona.Ndizvozvo. Unofanira kuda vanhu zvechokwadi, uye ivo vanoziva kana uchivada.Maona, pane chiripo pazviri.

Zvino murume uyu, mazuva mashoma apfuura, akaridzira mudzimai wangu runhare,akabvunza kuti, "Hama Branham varipo here?"

Akati,"Kwete."

Akati, "Zvisinei, pane chimwe chete chandingada kutaura. Ndakapokana navo,padzidzo yebhaibheri, asi ndinoti muranda waKristu."

Zvakanaka, zvino, ndisati ndaenda, akanditumira tsamba, akati, "Ndiri kuuya,kana madzoka. Ndinoda kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene wamunotaura."

44 Zvino, munoona, kana mune …Dai ndakanga ndina maitiro, okuti, "Zvino, hapanazvauri. Sangano rako harina kunaka, uye—uye imi mose veChurch of Christ hamunakunaka. Makaipa. Muri, vanadhiabhorosi." Handaizokwanisa kubatsira murumeiyeye. Uye dai ndakanga ndamuudza kuti ndinomuda, ndisingarevesi mumwoyo mangu,angadai akazviziva. Ndizvo zvazviri kwauri. Unofanira kurevesa mumwoyo mako.

Zvino pahusiku hwandinouya papuratifomu, pasi pesimba rokuziva zvakavanzikazvomwoyo, munoona. Handifungi nezvazvo. Handidyi kubva nguva yedhinha;ndinotsanya nokunamata, uye ndinoswera ndiri mumba. Nokuti, Akandivimbisa kutiAchazviita. Nokudaro ndinoenda ndisina kupokana zvako, nokuti Akazvivimbisakuti Achazviita. Zvino nokudaro, munoona, ini zvangu…ndinoziva kuti donzvorangu (chii?), chinangwa changu (chii?), kuti Ushe hwaMwari huenderere mberi.

Kana munhu akaenda uku, uko, kana kuchechi ipi; chero achiuya kuna Kristu,hazvina mhosva kwandiri. Uye ndizvo zviri mumwoyo mangu. Munoona? Uye hazvinei,kana tikandopinda Church of Christ, zvose zvakanaka. Zvakarurama. Kana iye…Kuti apinda chechi ipi, hazvinei kwandiri. Zvino kana ndakwanisa kuti aponeswemweya wake naKristu, ndizvo zvikuru.

45 Zvino ndakati, "Hama Ness, kwete kutsvaga kusiyana…" Zvino ndicharatidza.Zvakanaka here

kushandisa ichi, hama? [Hama ikati, "Hongu."—Mupepeti.] Ndakati,"Ndinoda kutaura kuti uye kutsanangura." Uye, pane izvi, ndinoda kuti kwamurihama muri pano. Zvino, musataura izvi kuungano dzenyu. Kana muchida, uyendiitireivo izvi, regai—regai—regai ndingova hama yenyu, maona. Zvino ini, uyekana—kana ndakatsauka, zvino ndiregererei. Asi ndinoda kukutsananagurirai,ndichiona kuti pane mapoka ose pano mangwanani ano, vose veOneness uyeve—veAssemblies, uyezve, vanotenda trinity.

Zvino ndinoda kutaura sitatimende iyi. Ndinoda kutaura kuti mapoka oseakatsauka, kana vachiri kukakavadzana mumwe nomumwe, nokuti zvinangwa zvavozvakaipa. Uye kana zvinangwa zvenyu zvakaipa; hazvinei kuti chido chenyu chii,asi kana chinangwa chenyu kuchido ichocho chakaipa, hapana chinobuda.[HamaBranham vanorova papurupiti kana—Mupepeti.] Ndicho chokwadi.

46 Zvino, vamwe vanhu vakati, "Hama Branham, muri weJesus Only." Ndinoda kukuudzaikuti uku kukanganisa. Handisi weJesus Only.

Mumwewo anoti, "Hama Branham, muri mutrinitarian here?"

Kwete, changamire. Handisi wetrinity. Ndiri muKristu. Maona? Ini—ini—handi…Inzwi rokutitrinitarian haritombotaurwa nezvaro muBhaibheri, inzwi rokuti "trinity". Uyehanditendi kuti kuna vanaMwari vakasiyana vatatu. Ndinotenda kuti kuna Mwari mumwe mumashandiro matatu; Baba, Mwanakomana, MweyaMutsvene. Ndokusaka takarairwa kubhabhatidza muZita raBaba, Mwanakomana, MweyaMutsvene. Ndinotenda kuti ndiMwari achizvideredza, achidzika pasi.

47 Zvino, Mwari, paAkatanga kuzviratidza kumunhu, Aiva Shongwe yoMwoto.Munozvitenda izvi, handiti? Mu…Muverengi upi zvake weBhaibheri anoziva kutiShongwe yoMwoto yaiva murenje waiva Mutumwa, ndiye Mutumwa weSungano, anovaKristu. Nokuti, Akati…?…ndinotenda kuna Johane 6, ndiko kwaAkati, "Abrahama asatiavapo," akati, "INI NDAIVAPO." Akanga ari "NDIRI." Zvino, aiva Mwari, mutsvene; kunyangwe munhu akabata gomo, aifanira kuurawa,maona. Zvakanaka.

48 Zvino, Mwari mumwe chete uyu wakaedza kushanda nzirayokudzoka Pachake muchisikwa Chake chaAkasika. Zvino, Haaigona kuuya padyonavo, nokuti vakanga vane zvivi, uye ropa rembudzi nehwai hazvina kutombobvisachivi. Tinozviziva. Rakangoputira chivi.

Zvino, Mwari mumwe chete uyu waiva Shongwe yoMwoto, Akava nyama, nokudakoMwanakomana Wake, uye Achigara mumutumbi wainzi Tenzi Jesu Kristu. Bhaibheririnoti, "Maari munogara kuzara koHuMwari munyama." Uye Jesu akatimuna…Zvakanaka, muna 1 Timotio 3:16, "Hakuna angaramba, kuti chakavanzikachaMwari chikuru kwazvo." Zvino kana vachichiti chikuru, nemhaka yei,takafanira kuitei, maona? "Chakavanzika chaMwari chikuru; chokuti Iyewakaratidzwa panyama, uye akaonekwa navatumwa, ndokugamuchirwa muKubwinya,"nezvakadaro.

49 Zvino, Akati muna Johane 14, kuna Thomas, "Kana waona Ini, waonaBaba. Uye sei uchiti, 'Tiratidzei Baba'?" Bhaibheri rinoti, "Mwari aiva munaKristu, achiyananisa nyika kwaAri."

Zvino, Mwari haangavi vanhu vatatu, vanaMwari vatatu. Kana Jesu haangavi BabaVake paChake, zvose pamwe chete. Maona? Zvino, munoona, zvinoratidza kutimapoka ose akatsauka kwazvo.

Uye zvakare, kana mukatarisisa, hapana nzvimbo …Kana tina vanaMwari vatatu,tiri mahedheni. Zvino, tinoziva izvozvo. Sezvakambotaura mumwe muJudha kwandiri imwe nguva, pandaitaura naye, akati,"Ndoupi wavo ari Mwari wenyu? Ndoupi Mwari wenyu; pakati paBaba, Mwanakomana,kana Mweya Mutsvene? Wako ndoupi?"

Inindakati, "Handizvo, hakuna vanaMwari vatatu."

Akati, "Haungakamuri—kamuri Mwari kumuita vatatu ugoMupa kumuJudha."

Ndikati,"Kwete, changamire."

Ndakati… Pakapodzwa John Ryan hupofu, paFt. Wayne, munoziva; zvino rabhi avapaMishawa-…kana kuFort…Benton Harbour. Akati, "Haungakamuri Mwari kumuitavatatu ukaMupa kuMuJudha."

Ndikati, "Ndicho chokwadi. Handidaro." Ndikati, "Rabhi, zvingakuomerai herekutenda vaprofita?"

Akati,"Kwete".

50 Ndikati, "Muna Isaya 9:6, ari kutaurwa panoti, 'Nokuti takazvarirwa Mwana,takapiwa Mwanakomana, zita rake richanzi Gota, Mwari SaMasimba, MuchindawoRugare'?"

Akati,"Aitaurwa ndiMesiasi."

Ndikati,"Zvino, rabhi, hukama hwaMesiasi naMwari hwakamira sei?"

Akati,"Anenge ari Mwari."

“Ndizvo zvandaifunga.” Munoona? Zvino, munoona, ndizvozvo chaizvo. NdizvozvaAri. Uye ndakati, “Ndiudzei zvino pakatadza Jesu kuzadzisa chaizvo zvakanzinavaprofita Achaita.”

Akatanga kuchema ndokubuda. Ndikati, “Naizvozvo, JohnRyan akasvinudzwa.” Maona?

Ivovakati, “Hazvingaiti kuti Mwari ave nomwana!”

Ndikati, “Jehovha samasimba akaputira mudzimai, sezvakataurwa nomuprofita kutiAchaita, akasika chizenga cheRopa. Uye zvichibva pachizenga cheRopa iri ndipopakabva mutumbi waKristu.

51 “Rabbi, tarirai, muTestamente yaKare,” ndakadaro, “munhu paaienda kundoitachibayiro, aitora gwayana. Aiziva kuti adarika mirairo yaMwari, nokudaro aitoragwayana. Woreurura zvivi zvake, gwayana robva raurawa. Apo …maoko ake aripagwayana; aireurura kuti anoziva kuti aifanira kufira zvivi zvake, asi gwayanaraitora nzvimbo yake. Zvino ropa raideurwa; iye akabata gwayana kusvikira avakunzwa hupenyu hwaro hwava kubuda, roomesa mitezo. Zvino muprista,sezvatinoziva, aidira ropa mu—mumwoto, paaritari yendarira yokutongwa.”

Zvino ndakati, “Murume uyu, aibva ipapo, achiziva kuti gwayana ratora nzvimboyake, asi aidzokera nemifungo mimwe chete yaakauya ainayo, maona, nokutihazvaikwanisa kubvisa chivi. Munoona? Asi, panguva ino, 'Munhu kana anatswa,haasisina ndangariro yezvivi.' Kare, paiva nechibayiro chaiitwa kamwe pagore.Asi,” ndakadaro, “iko zvino inguva yokuti, 'munamati kana asukwa, haasisina ndangariroyezvivi.' Nokuti… ”Onai, Rabhi. Hupenyu huya, hunotangira muchizenga, chinobva kumurume,chobatana nechomukadzi. Pobuda zai; asi, mhambo inokwanisa kukandira zai, asikana isina jongwe, haitsotsonyi.“

52 Ndikati, “Zvino Mwari, Mukurukuru Anozadza nguva nedenga rose, akadzika kuvachizenga mumimba yomudzimai.” Ndakati zvadaro, “Kana taponeswa nhasi …Jesuakanga asiri muJudha kana muHedheni, nokuti zai rakabudisa mutumbi wenyamachete. MuRopa ndimo maiva noHupenyu. Nokudaro ti—tiri… Bhaibheri rinoti,'Takaponeswa neRopa raMwari.' Maona, Akanga asiri muJudha kana muHedheni; AivaMwari. Zvino, kana tichiuya paaritari tichiisa maoko edu, nokutenda, pamusoroWake, tinonzwa kutambudzika nokurwadziwa kwaiva paKarivhari uye toreurura zvivizvedu, kuti takatadza, uye kuti Akatifira!

“Ipapo, munoona,” ndakati, “ropa regwayana haraikwanisa kudzoka pane izvi, roparaka…Chizenga chakapamurwa, nohupenyu hwakadururwa, pakupamurwa kwechizengacheropa rakabva pagwayana, haraikwanisa kudzoka pamunamati, nokuti hwaivahupenyu hwemhuka, uye hahwaisangana nohupenyu hwomunhu.”

53 “Asi nguva ino, Ropa parakadeurwa, akanga asingori munhu. Hwaiva HupenyuhwaMwari, hwakadururwa. Uye munamati paanoisa maoko ake, nokutenda,paMwanakomana waMwari, achireurura zvivi zvake; kwete hupenyu hwomumwe munhu,asi Hupenyu hwaMwari hunodzoka mumunhu uyu, Ndihwo Hupenyu Husingaperi. Inzwirinoti Zoe, rinodudzirwa kuti, 'Hupenyu' hwaMwari Pachake. Uye Iye akatiAchatipa Zoe, Hupenyu Husingaperi, zvino tiri vanakomana navanasikana vaMwari.Mazvionaka.”

Ndakati, “Zvino chii? NdiMwari, achizvideredza.”

Akauya, kokutanga; 'hapanamunhu aikwanisa kuMubata,' nokuti munhu akanga atadza. Akazouya munyama, 'kutiaravire chivi, nokuchibvisa.' Maona, Iye, chinhu chete Mwari chaaikwanisakuita, kuti ave akarurama, kuzviita nenzira iyoyo.“

54 Somuenzaniso, dai ndanga ndiine simba pamusoro pavanhu vari pano mangwananiano, serina Mwari pamusoro pavanhu, zvino ndoti, “Munhu wokutanga anotarirabango, anofa,” zvino Tommy Hicks opatarisa? Zvino, ndichifananidza zvakare,ndotora Carl-…“Hama Carlson, chifira uyu.” Hakungavi kururama. Ndingati, “Leo,ndiwe munyori wangu; fira munhu uyu.” Hakungavi kururama. “Billy Paul,mwanakomana wangu, fira munhu uyu.” Hazvina kururama. Nzira chete yakarurama,kuti ini ndimufire.

Zvino Mwari ndizvo zvaakaita. Iye, Mwari, Mweya. Uye Akasika…Iye, Akashandukamaonekerwe Ake. Zvinofanira kukatyamadza, vanhu, kufunga kuti Jehovha akavamwana. Aigona kuuya, ari murume mukuru, asi Akauya muchidyiro, chezvipfuwomaiva nendove. Jehovha ari mudiki, achichema somwana. Jehovha ari mudiki,achitamba somukomana. Jehovha ari mudiki, achishanda, somuvezi. Jehovha arimudiki, sejaya. Jehovha, akarembera pakati pedenga nenyika, nemhomhodzezvidhakwa namate aipfirwa namasoj a kumeso Kwake. Jehovha, achifira vanaVake. Jehovha, achifira, kudzikinura; kwete mumwe munhu, asi Mwari paChake!Wonai, Mwari, ndiyo yaiva hofisi Yake. Akazviitirei? Aiedza kudzoka zvakaremumwoyo womunhu.

55 Zvino, kare hataikwanisa kuMubata, Ipapo. Pano apa, takakwanisa kuMubatanamavoko edu. Zvino Akakwanisei, nokuzvipira mutumbi wake? Anova Jehovhamatiri. Tiri nhengo Dzake.

Pazuva rePentekosta, Shongwe yoMwotoyakaZvipatsanura, ndimi dzoMwoto dzikagara pavari,

zvichiratidza kuti Mwari aiZvipatsanurapakati peChechi Yake. Zvino, hama, tinokwanisa kuungana bedzi, kuti tiumbe Izvozvo pamwe chete! Zvinotinova naJehovha mukuzara, kana taungana. Asi tingazvikwanisa sei, kana uyuachitaura nendimi uye ane bhabhatidzo, uye uyu; ane ndimi yoMwoto uyu ari uko,uyuvo? NgatiZviisei pamwe chete.

56 Mwari, paakadzika, pazuva rePentekosta, uye Bhaibheri rinoti, "Ndimi dzoMwotodzakagara pamusoro pomumwe nomumwe wavo." Uye ivo…"Ndimi, kufanana noMwoto,"mirazvu. Yakanga iri Shongwe yoMwoto iya ichiZvipatsanura nokuZvigovera, pakatipavanhu, kuti tive hama. "Nezuva iro muchaziva kuti Ndiri muna Baba, Baba varimaNdiri; Ini maNdiri, uye imi maNdiri." Uye, isu, isu tiri vamwe. Tiri vamwe,hatina kupatsanurwa.

57 Zvino, Jehovha Mwari, Pano apa, haaikwanisa kubata munhu, nokuda kwomurairoWake wohutsvene; Jehovha Mwari akava chivi panzvimbo yedu, akabhadharamubayiro; kuti Jehovha Mwari mumwe chete auye kuzogara mukati medu. Mwaripamusoro pedu; Mwari anesu; Mwari ari matiri. Kwete vanaMwari vatatu; MwariMumwe!

VanaProfesa vanosangana pfungwa, vachiedza kuti vaZvinzwisise.Chi—chizaruro. Zvinototi zvizarurwe kwauri.

Zvino, zvino, kana zvouya pakubhabhatidzwa, zvino, vanhu vazhinji…Zvino,munofanira kudaro, hama. Kana, zvakafanana nezvandakataura kuHama Scism neHamaNess, kuti kana muka…Pa—pakamuka gakava. Uye ani, vazhinji venyu vakadzidzavari pano makakodzera kudarika ini; asi ndakaverenga zvakanyanya panyaya yacho.Ndakaverenga Pre-Nicene Fathers, neNicene Council, navanyori vose venhoroondo,nezvimwevo. Nyaya iyi yakanetsa paNicene Council. Mativi ose akapfuurira kumbeu; ChechiyeKatorike iri mudzidziso yavamwari vatatu, uye rimwe boka richiti ndomumwe,uye mativi ose akasiya chokwadi.

Ndizvozvo chaizvo, nokuti munhu akada kuisadzidziso yake pazviri. Unofanira kurega kuti Mwari aite, uye hazvitibatsiri isu kuedza kutsvakakunzwisisa. Ngativei hama. Ngatiendererei mberi uye tisiye Mwari achiita chinhuchaAkafanira kuita. Kana Asina magumo uye achiziva zvose, akatemera magumokubva pamavambo, chii chatingaita pazviri? Ramba uchienda mberi bedzi. Ndiyonzira. Usabuda mugwara, sezvandakataura usiku hwapfuura, naJoshua wedu anesimba.

58 Zvino tarirai, kana kuna vanaMwari vatatu… Ndinoda kukuratidzai kutizvinosekesa zvakadini. Kana kuna vanaMwari vatatu, zvino Jesu akanga ari BabaVake Pachake…Jesu haaikwanisa kuva Baba Vake Pachake, ari mumwe. Uye, kana varivatatu, Haana kuzvarwa nemhandara. Zvino vangani…[Hama Branham vanofananidzira,vachishandisa zvinhu zvitatu—Mupepeti.]

Ndinoda kuti uyu ndiMwari Baba; uye uyundiMwari Mwanakomana; uye uyu Mwari Mweya Mutsvene. Zvino, kunemi hama dzakasiyana-siyana dziri pano, tarirai izvi kwekanguva uyemuone chandiri kuedza kuratidza. Ndinonamata kuti Mwari achakuitai kuti muone.Zvino, tarisai, mose munotenda zvakafanana, asi Dhiabhorosi angopinda pakatipenyu akakupesanisai pazviri. Chinhu chakafanana chaizvo, uye ndichakuratidzai,nenyasha dzaMwari, uye neBhaibheri raMwari. Kana zvisingabvi muBhaibheri,musazvigamuchira. Ndizvozvo.

59 Asi zvino tarisai. [Hama Branhama vanofananidzira, vachishandisa zvinhuzvitatu—Mupepeti.] Uyu (chii?) Mwari Baba; uyu ndiMwari Mwanakomana; uyundiMwari Mweya Mutsvene. Zvakanaka, zvino, ngatimbomirai kwemineti, takaisavatatu ava apo; Mwari Baba, Mwanakomana, uye Mweya Mutsvene.

O-o, ndi—ndichashaya nguva yokuita izvi. Ini…[Hama dzinoti, "Endererai mberi!Endererai mberi!"—Mupepeti.] Asi, onai, zvakanaka, ndichakurumidzasepandinogona. Ndiregererei, hama dzangu, asi ha—ha—handisati ndambotaura nemi,uye ndi—ndinoda kuita izvi.

60 Uye zvino, tarirai; Mwari Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Zvino, Ndiani aivaBaba vaJesu Kristu? Mwari akanga ari Baba vaJesu Kristu. Tinozvitenda tose.Ndizvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Zvakanaka. Zvino, tikatora Mateo 28:19, pakanzi naJesu, "Endai naizvozvo, mudzidzisemarudzi ose, muvabhabhatidze muZita raBaba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene."Mushure mamazuva gumi, Petro akati, "Tendeukai, uye mubhabhatidzwe muZita raSheJesu Kristu." Paripo pano kupesana chaiko.

Zvino, ngatisa…pane… Munhu wose apa chapupu, nezvimwe. Hezvi pano. Hoku kutenda kwangu, uye ndirikuzviisa pamberi penyu, hama. Handitauri izvi ndiri pamapurupiti; zvirikwamuri. Asi ndinoda kukuratidzai zvandinoona kumativi ose, kuti Mweya Mutsveneakuzarurirei, maona.

61 Zvino, Mateo 28:19, uye kana—kana Mateo 28:19 ichipesana naMabasa 2:38,zvinoreva kuti Bhaibheri rinopesana, kana zvakadaro Harina kukodzera pepaRarakanyorwa.

Zvino ukacherechedza muna Mateo chitsauko 16, Jesu akapa Petro chizaruro, uyendokumupa kiyi. Zvino, rangarirai, Bhaibheri harizarurwe nedzidzo kana namaitire avanhu.Harizaruke. Zvinoitwa

nokuzarurirwa.

Chaiva chizaruro, pakutanga. Chii chakaita kuti Abheri ape Mwari chibayirochakanaka kupfuura Kaini? "Akazvizarurirwa," kuti akanga asiri mapichisi,namaapuro, namaranjisi, namaapuro. Dai maapuro achiita kuti vakadzi vazive kutihavana kupfeka, zviri nani tivape maapuro zvakare, hama. Haufungi kudaro here? Zvino, izvi, zvinoita sokumhura, asi handisi kuitira kumhura. Asi, akanga asirimaapuro. Kwete, changamire. Zvino, uye dai zvakanga zvakadaro, uye,"Zvakazarurwa kuna Abheri," kuti akabva paropa rababa vake. Nokudaro akabayiraropa, nokuti akazarurirwa. Zvose zvakavakirwa ipapa.

62 Zvino tarisai, pano pane mubati wehove akanga akura asina zvaanoziva, asinazivo yakakwana… Bhaibheri rakati akanga asingazivi uye asina kudzidza. Asiakanga akamira ipapo, uye Jesu ndokubvunza muvhunzo, "Munoti Ini Mwanakomanawomunhu ndini ani?"

"Mumwe akati, sei, Ndimi—ndimi 'Mosesi.' Vanoti Ndimi 'Mosesi.'

Uye mumwe akati, sei, Ndimi 'Jeremia, kana mumwe wavaprofita,' uyeizvi, izvo, kana zvimwe."

Akati, "Handiwo mubvunzo wacho. Ndabvunza imi. Munoti ndiri Ani?"

Zvino Petro akatsetsenura, achiti, "Muri Mwanakomana waMwari."

Zvino Iye akati, "Wakaropafadzwa iwe, Simoni, mwanakomana waJonasi." Zvino tarirai. "Nyama neropa hazvina kukuzivisa izvi, asi Baba Vangu vari kuDenga."Maona?

63 Zvino tarirai, zvino, chechi yeKatorike inoti Akavakira Chechi pana Petro.Handizvo. Chechi yeProtestanti inoti Akaivakira paAri iye. Asi tarirai muone, muone kutindizvo here. Akaivakira pakuzarurirwa nomweya kokuti Iye aiva Ani, maona, nokuti Akati,"Wakaropafadzwa iwe, Simoni, mwanakomana waJonasi. Nyama neropa hazvinakukuratidza izvi. Ndinoti ndiwe Simoni; padombo iri" (dombo ripi? kuzarurirwa)"Ndichavaka Chechi Yangu, uye masuvo egehena haangaIkundi." [Hama Branhamvanogogodza papurupiti katatu—Mupepeti.]

Zvino, Petro amire aripo paitaurwa Mateo 28, akapinduka uye, mazuva gumiakatevera, nokuzarurirwa ikoko, akabhabhatidza muZita ra"She Jesu Kristu."Akaitirei kudaro? Nechizaruro chaMwari; uye aiva nekiyi dzoHumambo, hama.

64 Zvino ndingakugumburai kwekanguva, vamwe venyu, asi mira kwekanguva. Hapanakana pamwe zvapo muBhaibheri pakabhabhatidzwa munhu muZita ra"Baba,Mwanakomana, Mweya Mutsvene." Hapana kana nzvimbo imwe muMagwaro. Uye kanairipo, ndiratidze. Uye kana ukakwanisa kuzviona muzvinyorwa zvakare zvitsvene,chechi yechiKatorike isati yaumbwa, ndinoda kuti undiratidze. Hauwani nzvimboyakadaro, zvino, uye ndicho chokwadi.

Asi zvino imbomirai zvishoma, imi veOneness, mirai zvishoma. Zvino, hapana nzvimbo paka…Kana aripo munhu anokwanisa kundiratidza nzvimboimwe muMagwaro pakaitwa mabhabhatidzire aya muBhaibheri, omuzita ra"Baba,Mwanakomana, uye Mweya Mutsvene," wakafanira kuuya kundiudza kuti ndepapi pakabhabhatidzwa munhu zvakadaro.

65 Zvino vamwe vavo vanoti, "Zvino, ndichatora zvakataurwa naJesu, kwetezvakataurwa naPetro." Kana vaipesana, mumwe kuno mumwe, tichaita sei? Kanazvisiri zvaMwari, zvino ndapapi muBhaibheri pechokwadi? Zvinofanira kuti zvose zviwirirane uye zvobatana, uye chizaruro chaMwari bedzi.Zvikoro zvedu hazvidzidzisi izvi. Chizaruro, Chaunofanira kuona.

Zvino, kana varume vaviri ava vaipesana, mumwe kuno mumwe, zvino tiri kuverengaBhaibheri rakadini? Ndinoziva sei kana Johane 14 iri yechokwadi, kana kwete?Ndinoziva sei kana Johane chitsauko 3 chiri chokwadi, kana kwete? Sei, sei,ndinoziva sei? Maona?

Asi nzira chete kuti ndive nokutenda muna Mwari, kuziva kuti Bhaibheriichokwadi, uye ndotenda kuti Iro nderechokwadi, uye ndorambira paRiri.Kunyangwe ndisingaRinzwisisi, ndinofamba Naro, zvakadaro. Asi kana kupesana uku kuripo, zvino ndinoenda pana Mwari, kuti ndinzwisise. UyeNgirozi imwe chete inosangana neni mumusangano, uye pamanheru, ndiyo Imweyo Yakandidzidzisa Izvi. Maona?

66 Zvino onai kuti ndizvo here, zvazviri zvino. Zvino, Mateo 28:19, ngatitarirei kwechinguva zvino. Uye zvino ndichatora Mabasachitsauko 2:38 apa, pakanzi naPetro, "Ishe Jesu Kristu." Zvino Mateo yakati,"Baba, Mwanakomana, uye Mweya Mutsvene." Zvino teererai, Akati, "Vabhabhatidzei…" Kwete mu"zita raBaba, muzitaroMwanakomana, muzita roMweya Mutsvene." Haana kudaro. Hapana"zita… muzita…muzita." Haana kumboti, "Vabhabhatidzei mumazita aBaba Mwanakomana, noMweya Mutsvene,"nokuti hazvirevi chinhu.

Akati, "Vabhabhatidzei muZita (Z-i-t-a) raBaba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene."Ndizvozvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] "…raBaba, Mwanakomana,noMweya Mutsvene," chisunganidzazvirevo "na…na…na." Kwete "mazita." Kwete "muzita raBaba, zita roMwanakomana, zita

roMweyaMutsvene.” Kwete, “mumazita aBaba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene. Asi,”muZita,“ Z-i-t-a, rimwe, ”raBaba, Mwanakomana noMweya Mutsvene.“

Zvino nderipizita racho rakanaka rokubhabhatidza naro? Izita rimwe. Nderipi racho? “Baba”ndiro zita rakanaka here, kana “Mwanakomana” ndiro zita rakanaka here, kanakuti “Mweya Mutsvene” ndiro zita rakanaka here? Rinofanira kuva “Zita,” riripo. Ndizvo here? [Ungano, “Ameni.”—Mupepeti.]

67 Zvakanaka, zvino ndinoda kukuvhunzai chimwe chinhu, zvino. Kana “Zita,” zvino,kana Jesu akati, “vabhabhatidzei muZita raBaba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene…”Vangani vanotenda kuti ndizvo zvakataurwa naJesu? [“Ameni.”] Ndiwo Magwaro.Mateo 28:19, “MuZita raBaba, Mwanakomana…” [Hama Branham vanotaura parutivi kune mumwe munhu.—Mupepeti.]

68 Zvino, “muZita raBaba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene.” Zvino teererai, hama.Hakuna chinhu chakadaro chinonzi zita ra“Baba,” nokuti Baba harizi zita. Izwirinoreva zvaari. Hapana chinhu chinonzi zita ro“Mwanakomana,” nokutiMwanakomana izwi rinotaura munhu zvaari. Hapana chinhu chinonzi zita ro“MweyaMutsvene.” Ndizvo zvaUri.

Ndaitaura izvi imwe nguva tiri pakudya kwamangwanani kwavaparidzi, uye mumwemudzimai… Asingafaniri kunge akadaro, sokuziva kwenyu, ani nani anopindira,nyaya seiyi. Akati, “Mirai zvishoma! Handina kunzwisisa!” Akati, “MweyaMutsvene izita.”

Ndikati, “Ndizvo Zvauri. Ini ndiri munhu, asi zita rangu harizi 'Munhu.'”

Iwo Mweya Mutsvene. Harisi zita. Ndizvo zvaUri. Madaidzirwe, zviri pachena, asihandi…Iro i—iro i… Handiro zita.

Zvino, kana Akati, “Vabhabhatidzei muZita raBaba, neroMwanakomana, neroMweyaMutsvene,” uye hapana zita pakuti Baba, Mwanakomana kana Mweya Mutsvene, zvinoZita nderipi? Tinoda kuti tirizive.

69 Zvino, tinogona kuzviratidza ipapa, kana mukatarisa uye—uye—uye kundipakanguvana zvino, ndanga ndichida kuti, kana kuchengetedza nguva shoma. Zvinoonai: Mateo 28:19. Zvino, Handitauri izvi… Mungadai, mungadaro makambozviita, vamwe venyu hanzvadzi kana hama. Mungadaimakambotora bhuku, rimwe zuva, mukatarisa kokupedzisira kwaro, richiti, “JohanenaMaria vakagara vachifara nguva yose pakupera kwazvo.” Zvakanaka, ndianiJohane naMaria? Chii, ndiani Johane naMaria vakagara vachifara narini mushuremazvo? Pane nzira imwe yokuti uzive kuti Johane naMaria ndiani; izvi, kanachiri chakavanzika kwauri, enda uverenge bhuku racho. Ndizvo here? [Unganoinoti, “Ameni. ”—Mupepeti.] Enda pokutanga uriverenge rose, rinokuudza kutiJohane naMaria ndiani.

70 Zvino, kana Jesu akati, Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, akati, “Endainaizvozvo, dzidzisai ndudzi dzose, muchivabhabhatidza muZita raBaba,Mwanakomana, noMweya Mutsvene,” uye hapana zita pakuti Baba, Mwanakomana, kanaMweya Mutsvene. Zvino, kana chiri chakavanzika, ngatiende kumavambo eBhuku.

Zvino ngatiendei kuna Mateo chitauko 1, totangira ipapo, panoratidzamadziteteguru, kusvika pandima 18. Zvino tarirai, zvino tarirai kwechinguva. [Hama Branham vanofananidzira,vachishandisa zvinhu zvitatu—Mupepeti.] Ngatiti Ava ndiBaba, kurudyi rwangu;uyu ari pakati Mwanakomana; uye uyu Mweya Mutsvene. Zvino, uyu ndiBaba vaJesuKristu. Ndizvoka? [Ungano inoti, “Ameni.] Mwari ndiye Baba vaJesu Kristu. Tosetinozvitenda? [”Ameni.“] Zvakanaka. Zvino Mateo 1:18 inoti:

KuberekwakwaJesu Kristu kwaiva kudai: apo…Maria, mai vake, wakati anyengwa naJosefa,vasati va… songana, wakavonekwa ava nemimba no… Ndaifunga kuti Mwari ndiyeBaba Vake.

Uyeachazvara mwanakomana,…uye uzomutumidza kuti JESU:…

ZvinoJosefa murume wake, zvaakanga ari munhu wakarurama,…asingadi kumunyadzisa,akafunga kumurega chinyararire.

Achirangarira izvozvo, tarira, mutumwa waShe akazviratidza kwaaripakurota, akati, Josefa, Mwanakomana waDhavidhi, usatya kutora Maria mukadziwako: nokuti chakagamuchirwa mukati make ndecho… [Hama Branham vanomira. Ungano, “Mweya Mutsvene.”]

Ndaifunga kuti Mwari ndiyeBaba Vake. Zvino, Ane vanababa vaviri here, hama? [“Kwete.”—Mupepeti.]Hazvingadaro. Kana vaiva vaviri, Akanga Ari mwana wohupombwe, uye chingavachinamato chakadini chatinacho? Munofanira kubvuma kuti Mwari Baba uye MweyaMutsvene Mweya mumwe chete. Zvirokwazvo, Ndoumwe. Zvirokwazvo, Mweya mumwechete Iyeye. Zvino, tasvika, patinoona izvo.

Iye achazvara mwanakomana, ugomutumidza zita rinonzi JESU: nokuti ndiye achaponesavanhu vake pazvivi zvavo.

…izvozvizvose zvakaitwa, kuti zviitike… Ndiri kutora paMagwaro. Imi vaparidzi munoziva,

ndichienderera mberi.…kutizvizadziswe…zvakarehwa naShe, nomuromo womuprofita, achiti,

…mhandara ichava nemimba, uye…ichazvara mwanakomana vachamutumidza zita rinonzi Emanueri,ndokuti kana zvichishandurwa,… [Hama Branham vanomira. Ungano, "Mwari anesu."] "Mwari anesu!"

Ndizvo here?["Ameni."—Mupepeti.] Zvino Zita raBaba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene ndiani? [Hama inoti, "JesuKristu."—Mupepeti.] Zvakanaka, chaizvo.

71 Ndicho chikonzero Petro aibhabhatidzamuZita ra"Jesu Kristu."

Asi, handina mhosva nazvo, kuti unobhabhatidza mumazita aRose of Sharon, Lilyof the Valley, kana Morning Star, mazwi anoreva zvaAri, zvakare. Kana mwoyowako wakarurama pamberi paMwari, Anoziva mwoyo wako.

Asi zvino, zvino, ndazvitaura.

"Zvino, zvino ndakati…Zvino

Hama Scism vakati,"Zvino!" Sezvamunoziva, chokwadi, zvinoratidzika seOneness, havana kukanganisakudaro.

Zvino ndakati, "Zvino apa ndinoda kutaura chimwe chinhu kwamuri." Maona?Ndakati, "Zvino ndinoda kukuratidzai kuti ava, varume vaviri vose, vaitaurazvimwe chete." Zvino, Mateo akati, "MuZita raBaba." Ndizvo here? [Ungano inoti,"Ameni."—Mupepeti.] Zvakanaka. Petro akati, "MuZita raIshe." Mateo 28:19 inoti,"MuZita raBaba," uye Mabasa 2:38 inoti, "muZita raShe."

72 Dhavidhi akati, "Isheakati kuna She wangu." Aireva Ani? Baba naShe iZita rimwe. Dhavidhi akati,"Ishe akati kuna She wangu, 'Gara Iwe parudyi Rwangu.'" Maona, "MuZita raBaba;muZita raShe."

Uye Mateo akati, "MuZita roMwanakomana," uye Petro akati, "MuZita raJesu."Mwanakomana ndiani? Jesu. "MuZita roMweya Mutsvene," aiva Mateo; uye Petro akati, "MuZita raKristu,"Shoko. Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, "Ishe Jesu Kristu." Sei, zvakakwanasokukwana kwazvingaita. Maona?

73 Hama Scism vakati kwandiri. Hama Scism, hama yeOneness, vakati, "Hama Branham,ndizvozvo, asi," vakati, "izvozvo ndizvo izvi".

Ndakati, "Zvino, izvi ndeizvo." Ndizvozvo. Maona? Ndakati, "Kana izvo zviriizvi, izvi ndeizvo." Zvino munokakavadzana nokuda kwei?" Ndakati, "Regai ndikuudzei, hama. Zvino kana ndichibhabhatidza munhu, hezvinozva…"

Ndakati, "Zvino, havano Dr. Ness." Uye mumwe ati, nguva shoma yapfuura, imihama, munoziva Dr. Ness. Zvakanaka, ndichati, pano, Hama Hicks pano, vane…Ndinofunga mune DhigiriirouDhokotera. Ndizvo here? Zvakanaka.

Zvino ndakati, "Kana Dr. Ness, vakagara pano…" Zvino ndakati, "Dai ndaida…"Zvino, pandinoenda nomunhu kumvura, kundomubhabhatidza, ndinozvionasezvavanoita, ndakati, "aiva mazwi aimirira Zita Rake." Ndakati, "Zvino, hama dzeAssemblies dzinoshandisa mazwi asingatsananguri zita,uye hama dzeOneness dzinoshandisa Zita." Ndakati, "Zvino ndinoda kukuratidzai,kuti mose muri kukanganisa, uye kuti zvandiri kutaura ndizvozvo." Munoziva kutimunofanira ku…Vanhu vanenge vari pakuremerwa namaitire awa okukakatirana, unofanirakutaura apa neapo zvinosekesa, kuti vafaranuke. Zvino ndakati, "Ndinodakukuratidzai kuti mose munokanganisa, uye kuti zvandiri kutaura ndizvozvakanaka."

74 Ndakati, "Zvino ko dai ndaida kuremekedza Hama Ness, Ndoti…" Kana, kana Hama Hicks pano, maona. Ndoti, "Hicks!" Zvino, zvingaita here?Kwete. Zvakanaka, ko ndikati, "Dhokotera! Hei, Dhoku! Zvakadini?" Zvino, kunovakusaremekedza, handiti? "Zvakanaka," Ndakati, "ndizvo zvamunoita imi maAssemblies, maona. Apo imimaAssemblies pamunoti, 'MuZita raBaba, neroMwanakomana, uye Mweya Mutsvene,'zvakafanana nokuti, 'muzita rarevherendi, dhokota.'"

Zvino Ndakati, "Zvino, imi hama dzeOneness, kana muchibhabhatidza, munoti,'Jesu!'" Havashandisi… Ivo, veJesus Only, vanoshandisa zita ra"Jesu." Kuna vanaJesu vazhinji. Asi,NdiShe Jesu Kristu, maona. Kuna vazhinji …Vanobhabhatidza muzita ra"Jesu,"chokwadi handiwirirane nazvo; hapana Gwaro. Tarira mavambo, uone kana asiri"Ishe Jesu Kristu." Hongu, Ndiye Ishe Jesu Kristu. Kuna vanaJesu vazhinji,hongu. Uye Kristu ndiye "Muzodziwa."

75 Uye Ndakati, "Zvino, dai ndaitaura zvimwe chete kuHama Ness. Ndaiti, zvainakahere kuti nditi 'Iwe, Ness!'?" Ndakati, "Ndizvo zvamunoita imi veOneness.Maona? Hakungavi here kushora munhu akadzidza, uye ane Dhigiri rouDhokotera?Kana akadzidza nesimba, anofanira kuremekedzwa."

Uye ndakati, "Zvino kana ndikati, 'Iwe, Dhoku!'" Ndakati, "Hakungavi kutsvinyahere, kuti muparidzi adane mumwe wake saizvozvo?" Kana, ndakati, "Ndiyo nzira yamunoitanayo, muri kudivi chete ramazwi

anomirira zita.”

Asi ndakati, “Kana ndaenda nomunhu kumvura; ndinoenda naye ndomuvhunza,tichitaurirana, ndonzwa zita rake nezvose zvaari, uye zvaanotenda. ”Zvino ndonamata, ndichiti, 'Zvino, Baba, sezvaMakatiraira “kuenda munyika yosekuti tiite vadzidzi pandudzi dzose,…”'“ Imi hama munoziva kuti ndiwo mavambo,maona. ”'“…itai vadzidzi vamarudzi ose, muchivabhabhatidza muZita raBaba,neroMwanakomana, neroMweya Mutsvene; muchivadzidzisa kuchengeta zvose” zvaMaka… zvinhuzvose zvaMakatidzidzisa.“'” “Nokudaro ndakati, 'Pakupupura kwako kwokutenda; pakureurura zvivi zvako,nokutenda kwako muMwanakomana waMwari, ndinokubhabhatidza, hama yanguinodikanwa, muZita raShe Jesu Kristu.'” Ndakati, “Ndiyo nzira yandinobhabhatidza nayo. Ndinobvuma mazwi anomirira,zvaAiva, zvose Baba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene. Uye chikonzero Jesuakataura kudaro, ndechokuti…”

76 Zvino tarisai. Kana—kana zvisiri izvo, pano kupesana muMagwaro ako; panokupesana. Uye munozoita sei kana …Ko kana hama yechiBudha ikati, “Ko izvi?”Vakati chii pavakandiudza… Paya, pakakwikwidzwa Morris Reedhead nehama yechiIndia, akavhunza, kuti, “KoMarko 16?” Akatonzvenga nyaya yacho.

Haufaniri kunzvenga nyaya ipi zvayo. Ishoko raMwari. Gara Naro. Namata. Wanachizaruro. Zvose zvinofambirana. Maona, vose vari kutaura zvimwe chete.

77 Zvino; kwete mazwi anomirira zvaari;kwete izvozvo. Ndakati, “Zvino…” NdakaMucherechedza. Aiva Baba; kwete mumwe Mwari. Aiva Mwanakomana; kwete mumweMwari. Mwari mumwe chete! Mashandire matatu. Mwari muHuBaba, kana uchidakusevenzesa inzwi iri, muHuBaba; nguva yaakava Mwanakomana; uye ndiMwari mumwechete ari matiri iko zvino, Ndichava nemi.“ Iyo ”Ini,“ iye pachake, ”Ndichava nemi.“Zvino, munoona, mashandire matatu, kwete vanaMwari vatatu.

Zvino,hama, kana vadzidzi vasina kuita saizvozvo, uye navakatevera… Handina chandinotaura pazviri. Zvakangonaka. Asi ndinokuudzai, kuti kana munhuakauya pano, achibhabhatidza muzita ra“Rose of Sharon, Lily of the Valley, uyeMorning Star,” zvakare achitenda kuti Jesu Kristu Muponesi wake; ndinoti,“Mwari akuropafadze, hama! Uya, tifambe tose!” Maona? Ndizvozvo. Nokuti, kanamwoyo wako usina kunaka, iwe hauna kunakavo, saizvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Uye mwoyo wa—wako unofanira kuva wakanaka.

78 Uye ndakati, “Zvino tarirai. Zvino, dai ndanga ndichikwazisa Hama Ness avapano, ndaiti 'Revherendi Dhokota Ness.' Ndizvo chaizvo. Muparidzi. Vanofanirwakuonekwa sarevherendi. Vakadzidza, zvakanyanya. Vane Dhigirii rouDhokota, sakavanofanirwa kunzi 'dhokota.' Ndiro izwi rinotsanangura zvavari, maona. Asi zitaravo ndi'Ness,' haro. Zvino, handifaniri kuti, 'Hei, Ness! Hei, Dhoku!' Kwete,hazvinganaki. Ndinoti, 'Revherendi Dhokota Ness.' ”Maona, ndiwo madanire andingavaita, maona, zvaAri; zvose Baba, Mwanakomana,noMweya Mutsvene, 'Ishe Jesu Kristu.'“ Maona?

Zvino ndakati, “Kana ndikabhabhatidza munhu mumachechi enyu mose, ndiyo nzirayandinobhabhatidza nayo.” Ndakati, “Mungamugamuchira here, Hama Ness?”

Vakati, “Hongu. Akabhabhatidzwa muZita raBaba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene.”

Ndakati,“Mungamugamuchira here, Hama Scism?”

Vakati,“Hongu, abhabhatidzwa muZita raJesu.”

Ndikati, “Zvino kunetsana ndokwei, hama? Madii kutenda saizvozvi, mobvisamiganhu iyi yakasunga vanhu vari imomo. VeOneness vanodisisa, chaizvo, vanhuveungano, vanoda kunamata neveAssemblies. Uye vanhu veungano, yeAssemblies,vanoda kunamata neveOneness. Uye hama dzinoda kudaro. Ndozvavari. Asi kanadhiabhorosi akakwanisa kuvarwisanisa…”

79 Zvino munoona zvandinoreva here, hama? Ndiri kunongedza pachinhu chimwe ichi,Jesu Kristu, nokubatanidza Mutumbi waJesu Kristu. Ndicho chinangwa changu.[Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]Zvino, Handina chandinotaura pamusoro pokuti, “Hei, hauna kubhabhatidzwa muZitaraJesu; uri kuenda kugehena.” Zvino, izvo hazvina maturo.

Regai ndikuudzei zvakaitika rimwe zuva. Ndakanga ndiri kuTexas. Ndisatindaenda…Uye ha—hama dziri pano dzinozviziva. Chechi yeOneness, machechi makumimanomwe namaviri, achitsigira musangano wangu. Zvino ndakaisa Hama Petty, hamayeAssemblies of God, papuratifomu manheru acho. Zvino, munoziva kuti ichokwadi.Ihama inokosha, Hama Petty, kana paine vanovaziva, vanobva Beaumont, kuTexas.Ndomumwe wavanhu vakanakisisa wandati ndambosangana naye. Mudzimai wavoakatendeuka achibva muKatorike, mudzimai ano humwari chaizvo. Ivo munhu waMwari chaiye.

Ndiudzei ndiani munhu wakanaka kudarika Roy Wead, weAssemblies of God. Tauramumwe wavarume ava, tarisai pano, hama dzose idzi dziri pano dzandinoziva. Hamakubva kuchechi yePhiladelphia ari pano, uye varume veAssemblies of God, uyendiani wakanaka kuvadarika? Ndiudzei kuti vari kupi. Ndiudzei kuti

ndianiakanaka kudarika Jack Moore? Ndiudzei izvozvo. Ndiye wavanoti…Vamwe vavo. Haaziwenharo. Unowana vane nharo kumativi ose; uye ndipo panonongedzwa navanhu, uyendipo panonongedza Dhiabhorosi. Asi vose vanhu vaMwari. Mwari akavapa Mweya Mutsvene.

Dai dzisiri tsitsidzaMwari, tingadai takaparara, munharo dzedu nezvimwe. Ndizvozvo chaizvo. Asinyasha dzaMwari dzinotisunganidza pamwe. Ndiko kusaka tichiimba, "Blest be thetie that binds our hearts in Christian love." Ndizvo zvatinoda.

80 Zvino munombozivei? Supuritendendi mukuru we—weChechi, akandidaidza, uye akati,"Munoziva here zvamakaita husiku hwapfuura?" Husiku hwangu hwechipiri ikoko.

Ndakati,"Chii?" Ndakati, "Takava nenguva inoshamisa."

Akati,"Makaisa murume papurupiti mutadzi."

Ndikati,"Handina kuziva."…?…

Akati,"Uya anonzi Petty."

"O-o," Ndakati, "mutadzi? Sei," ndikati, "muparidzi weAssemblies of God, hama."

Akati, "Hongu, asi achiri mutadzi, nokuti haana kubhabhatidzwa zvakanaka."

Ini ndikati, "Hama, ndapota ndiudzei kuti chii chaakaita." Ndikati, "Ano MweyaMutsvene."

Iye akati, "Hama Branham, Petro akati kudini? 'Tendeukai, uye mubhabhatidzwemuZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu.' Nokudaro zvivi zvakohazvingaregererwi kana usina kubhabhatidzwa muZita raJesu."

Ndakati,"Ndiyo nzira yacho here, hama yangu?"

Akati,"Ndiyo nzira."

Ndikati, "Uye Mwari Akapidigura hurongwa Hwake kana zvakadaro, muna Mabasa10:49, nokuti, 'Petro akati achataura mashoko awa, Mweya Mutsvene wakaburukapamusoro pavose vakanzwa shoko,' maona, uye vakanga vasina kubhabhatidzwa,zvachose. Zvino, Mwari Akapa Mweya Mutsvene kuvanhu vakanga vasina kanakutendeuka?" Ndikati, "Zvino uchakamira papi?"

81 Akati, "Munoziva zvatichaita?" Akati, "Tichaisa muganhu kupoteredza sanganoredu, uye tokuisai kunze kweungano yedu."

"Zvino," ndakati, "Ndichaisa mumwe muganhu, ndokuisa mukati zvakare." Ndakati,"Hamungandiisi kunze, nokuti ndinokudai. Maona, hamungadaro." Ndakati, "Panehama dzakawanda mubato re—renyu vanondida uye vanotenda mandiri." Ndakati,"Imi, ndicha—ndicha…Vanouya, zvakadaro." Ndakati, "Vanouya. Uye hamungandiisikunze. Kana mukandiisa kunze, ini ndichakuisai mukati zvakare." Ndakati, "Kanamaisa muganhu; Mwari, nenyasha Dzake, achaita kuti ndiise mumwe muganhuunokuisai mukati zvakare." Ndizvozvo. Kuvadzorera mukati zvakare.

82 Uye, hama, o-o, muZita raKristu ndingataura here izvi. Nda—ndakatora…Ndinozivakuti ndiri kutora nguva pano; uye yava kukwana nguva yokuvhara, ndinofunga, asiregai nditaure izvi, maona. Uye ndikati kumurume uyu, ndakati, "Ndinowirirana newe kana uchiparidzaMagwaro, une rudo, uye uchitenda kuti… uye uchiparidza uye uchibhabhatidzavanhu…kwete muzita ra'Jesu,' Jesu chete. Kwete, changamire. Ndi—ndine chokwadichokuti handiwirirani nazvo, nokuti ndinoziva vana Jesu vakawanda; ndinovazivamuAfrica uye nzvimbo dzakasiyana-siyana, vanhu vanonzi Jesu. Asi kanaukashandisa manzwi okuti 'Ishe wedu Jesu Kristu,' ndinowirirana newe. Ndizvozvakanaka. Ndichamira newe. Ndinofunga kuti unofanira kuisa 'Baba, Mwanakomana,noMweya Mutsvene' kutanga, waona, kuti usazokanganisa." Ndakati, "Ndinofungaunofanira kudaro."

Asiiye akati, "O-o, kwete, kwete! Izvo, kudzokera kudzidziso yavamwari vatatu."

Ndikati, "Haasi utatu; ndiMwari mumwe muzvigaro zvitatu!" Haisi utatu — vamwari vatatu. Hatina vana Mwari vatatu. Zvirokwazvo kwete. Hapana zvakadaro. Hazvina kumbodzidziswa muBhaibheri. Uye kuna Mwari mumwechete. "Inzwa iwe, O Israeri, Ndini Ishe Mwari wako." Mwari mumwe. Murairowokutanga, "Usava navamwe vamwari kunze Kwangu." Zvirokwazvo, NdiMwari Mumwe,kwete vatatu. Madzidzisire echiKatorike; uye zvakabva paKatorike kuenda kuLutheran, uyenedzakatevera, nedzimwevo, uye zvinotendwa pakati pavanhu nhasi kuti tina vanaMwari vatatu.

83 Ndipo pausingazombo…Vhangeri iyi haizomboendi kumaJudha…Zvinova,zvandakaprofita mangwanani aya kumumishinari wechiJudha paya. Haungapi vanamwari vatatu kuMuJudha. Haangazvikwanisi. Iyewo, haazi izvozvo; anonzwisisakupfuura izvi. Maona, anoziva Bhaibheri kupfuura izvi. Asi haAzi vana mwarivatatu, ku—kuMuJudha. Ukamuita kuti aone kuti NdiJehovha mumwe chete,anozvigamuchira

pakarepo. Hongu! Ndizvozvo, maona.

Uye ndinotenda zvose izvi. Sezvakataurwa naJosefa, "Hama, musazvinetsa, nokutindiMwari akaita izvi," munoona. Kuti, chinhu chive saizvozvo nokudarozvakachengeterwa nguva ino, ndizvo zviripo, nokuti nguva yedu yaMaHedheni yavakuda kupera. Zvino, ndinozvitenda nomwoyo wangu wose.

84 Zvino munoona here, hamadzangu? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ndiri kuedza kusvika pane chimwechinhu, kuti, boka iri ravanhu, ravarume vakabhabhatidzwa noMweya Mutsvene... Boka raAimee McPherson, akaitei? Akatanga ari weOneness, ndinotenda kudaro;akabuda akava weAssembly; uye akazobuda ndokuita sangano rake rakasiyana;pasina nguva huru yapfuura, kuzviisa mukuva kapoka, kaduku…

Ndakanga ndiri mumusangano waO. L. Jaggers. Zvino, tose tinoziva O. L. Jaggers.Baba va—vake vakabatsira kuvamba General Council yeAssemblies of God. Zvino, O.L. munhu mukuru. Muparidzi mukuru. Ndakamuudza, kasiri kare, ndikati, "HamaJaggers, dai ndaikwanisa kuparidza sezvamunoita, handaizova neshumiroyokunamatira vanorwara." Asi vakanga vane zvose ropa newaini, nezvimwe,pavakatanga ikoko.

85 (Ndiregererei, kana ndichikugumburai, hama, panyaya iyi.)

Zvakanaka.Mwari anokwanisa kuti ropa ribude, waini ibude, kana mafuta abude, zvosezvaAnoda, asi hazviregereri zvivi. Kwete, changamire. Kwete, zvachose. "RoparaJesu Kristu harishayiwi simba Raro, kusvikira Chechi yaMwari yaponeswa, kutiisazotadzazve."

Ndakati, "Hama Jaggers?" Ndakavatora; ndikafona. Uye ndakanga ndine veChristianBusiness Men. Ini ndikati, ndikati, "Hama O. L?"

Iye akati, "Ko muri kupi?" Ndakanga ndiri muhotera diki yakachipa. Iye akati,"Munondiudza kuti ndiko kwavakuisai ikoko?"

Ndakati, "Changa chiri chido changu. Pandakauya kwamuri," ndakati,"makandiitirei? Makandiisa muHotera inonzi Statler, uye ndakanga ndisinakusununguka. Makandiisa patafura; ini handina kuziva kuti ndoshandisa banga ripi,kana chii zvacho. Uye handina…Ndikapindamo, ndisina bhachi, vakadakundidzinga." Uye ndakati, "Ha—Handigoni kuzvibata."

Akati,"Ndichakuendesai ikoko, kana vasina mari yokuzviita."

Ndikati, "Kwete, changamire." Ndikati, "Chandinoda kuita kudya nyama nemi, kanamuchizobhadhara."

Akati,"Zvakanaka."

Zvino takaenda kune imwe nzvimbo, tikagara pasi. Ini ndikati, "Hama Jaggers,chokwadi ndinokuyemurai…" Uye ishamwari yangu chaiyo, hama inokosha. Uye Nda—ndaiva nakapepa kayo, uyeiye…kakanyorwa pamusoro nomudzimai uya achangosvika kubva mhiri kwamakungwa,aiva neropa mumaoko ake, nezvakadaro. Zvino ndaiva naro ipapo. Ndaida kutiaedze kuramba kamwe zvako, uye ndaiva nazvo pa—papepa rake, munoziva.

86 Ndakati, "Ndinoona kwamuri kuenda, kundoita, rumutsiriro rukuru." Nokuti,veBusiness-men vaiva neni ikoko, ndizvo chaizvo...

Ungafunga kuti vanhu vanoziva. Kana Mweya Mutsvene uchiratidza zvinhupapuratifomu, Haukwanisivo here kuratidza zviri kuitika mune dzimwe nzvimbo,hama? [Ungano inoti, "Ameni. "—Mupepeti.] Ndinokwanisa kukuudzai, mutsara nomutsara, ndigosimbisa neHama Carlson, neiyihama iri pano. Ndaiva pamusangano, nezuro, ndikaudza hama idzi zvaizoitika panomangwanani ano. [Hama inoti, "Hongu, changamire."—Mupepeti.] Ndizvozvo.Chokwadi. ["Ameni."] Maona? Nokuti, Mweya Mutsvene wakandimutsa, ukati, "Mirapahwindo." Ndakatarisa, pahwindo, Iye akandiratidza zviri pano chaizvo izvi.Ndikati, "Zvino, hama…" [Hama inoti, "Ndizvozvo."] Ndakuratidzai izvi, ndizvochaizvo. Izvo! Maona? Hongu,vanofanira kuzviziva.

87 Pano nguva pfupi yapfuura, murume akauya, kuChatauqua, akati, "Hama Branhammuprofita." Handizviti muprofita. Maona? Asi akati, "Hama Branham muprofitakana vari pasi poMweya wokuziva zvakavanzika, asi," akati, "o-o, Dzidziso yavoipoizeni. Chenjerai Nayo."

Ndakafunga, kuti munhu akadzidza, angataurazvakadaro? Ko muprofita zvinorevei? "Mududziri wakazodzwa weShoko." "Shoko raMwari rinouyakumuprofita," munoona. Asi, saizvozvo, hapana kuti izvi kana izvo.

Asi, zvisinei, Hama Jaggers. Uye ndakadaro, akati, o-o…Ndikati, "Ndakaonanezvomukadzi uya ane ropa mumaoko ake."

"O-o," akati, "Hama Branham, ndicho chinhu chinoshamisa kwazvo chamatimamboona!"

Ndakati, “Hama Jaggers, ndinokudai. Kutanga, ndinoda kuti muise ruoko rwenyumuno rwangu. Toti tiri hama.”

Akati,“Ichokwadi. Pane chiripo here?”

Ndakati, “Muri mumwe wavaparidzi vane simba kwazvo vandinoziva. Muri mudziyowa—wakadini waMwari!”

Akati, “Mazvita henyu, Hama Branham. Muri munhu anozvininipisa kwazvo.”

Ndikati, “Handitauri izvi kuti ndizvininipise. Ndinozvitaura nokutindinozvitenda kuti muri muranda waMwari.” Asi ndakati, “Hama Jaggers, kusiyakokunge ma…Muri—muri kutsauka zvakanyanya; hamuna chinotsigira zvamunotaura. Murikuitira…”

88 Uye ndiro dambudziko ravazhinji venyu veAssemblies of God, navamwe vanhu,mukunamatira vanorwara chete. Handikupii mhosva. Pane zvakawandisa zvinonzi…UyeTommy, ari pano, ihama yakanaka, uye tinoziva kuti anomira zvakasimba sei. Asipane zvakawanda munyika nhasi muzita rokupodzwa Kutsvene, hazvishamisi kuti seimusingadi kutsigira musangano muguta. Vanouya vopedzera vanhu mari yosezvokusara vasina chinhu, vobva vaenda. Uye vanhu vawanei? Hapana chavanopavanhu chinodarika zvamunoita muri papuratifomu, papurupiti dzenyu. Uye murikunatsa, hama. Ndiri kukuudzai, muri kunatsa. Asi zvakafanana…

Ndaiverenga nhoroondo yaMartin Luther. Inoti, “Chakanga chisiri chishamiso kutiMartin Luther akakwanisa kupikisa chechi yeKatorike, pasina zvaanoitwa.”Makaverenga nhoroondo yake. “Asi kuti Martin Luther akamira akadzikamamumanyawi ose akatevera rumutsiriro rwake, ndipo pakanga paine chishamiso.” Uye kana mashura aitwa, vasina kudzingiswa vanotevera, sezvazvakanga zvirimuEgipita. Uye zvakagara zvichikonzera dambudziko munyika. Tinoziva izvozvo,kana tabuda ikoko. Izvozvo, zvakamutsa Kora, uye Mwari akazviparadza. Asi,hama, handikupomerii mhosva.

89 Hama Jaggers vakagara ipapo vachiedza kundiudza kuti waiva Mweya Mutsvenewaiita izvi. Uye vakati …Uye ndaiva, nazvo papepa…Ndakati, “Hama Jaggers,zvino,” Ndakati, “Ini ndiri munhu akaita giredhi sevheni. Asi imi muri DhokotaweDhivhiniti, uye mukadzidzira kuva gweta. Makakurira muchechi yakanaka, inehunhu, yeAssemblies of God. Baba venyu vakabatsira kuvambwa kwokutenda uku.Zvino imi muri kubuda, zviri kwamuri.” Asi ndakati, “Zviri kuna ani nani, anodakuita izvozvo. Handina miganhu yandinoisa apa. Asi kana zvasvika panzvimboyokuti mudziyo wakaita semi, unokwanisa kuisa zvuru zvavanhu kuna Kristu,mungavaka shumiro yenyu pamanzwire enyama.”

Ndakati, “Hama Jaggers, mukavakachidziro seicho, kana musina chinotsigira, zvinozowa kwapera kanguva. Uyemunofanira kuva naMagwaro ezvamunotaura.”

Akati,“Riripo Gwaro.”

“Ndikati,”Ndiratidzei.“

Akati, “Zvino, Hama Branham,” akadaro, “uyo Mweya Mutsvene unoita izvi.”

Ndikati, “Ndiratidzei, muGwaro, paRinoti Mweya Mutsvene wakamboita kuti roparibude pano mumwe munhu, nezvimwe zvakadaro, seizvi. Ingondiratidzaiwo; mafutaachibuda kubva mavari. Mati,'mafuta aiva okupodzwa kuTsvene.' Uye mukati,'Iroro ropa romukadzi nderokuponeswa kwendudzi.'” Ndikati, “Kana zvirizvo, kozvino chii chakaitika kuRopa raJesu Kristu? Rinobviswa. Uye chimwe nechimwechinopesana Naro, ndianti. Zvinopesana Naro.” Ndakati, “Inova dzidziso yaantikristu.”

“O-o,”akati, “Hama Branham, muchadzidza rimwe zuva.”

Ndikati, “Ndinovimba kuti handidzidzi izvozvo. Zvino, hama,” ndakati,“ndinokudai, uye muri hama yangu.” Uye ndakati, “Hama Jaggers, muchatevedzadzidziso yokuti, mushure mechinguva, muchatadza kubva pairi. Dzokerai kuchechiyenyu, uye garai neVhangeri.” Uye ndakati, “Musazvivaka pakutekenyedzwa.”Ndakati, “Chi…”

90 Zvino avasvitsa, pakuhabhatidza kuHupenyu Husingaperi, munoziva, vachiti “Nguvayose yamunobhabhatidza, munodzokera kuva mukadzi kana murume mudiki zvakare.Zvino zvinozo…Haachafa (zvachose).” Nokudaro, ikozvino, asvika pamagumookutsauka uku zvino; uye “mapiritsi amavhitaminzi kubva muDead Sea.”

Munoona?Asi ndozvazviri, hama, akatanga namanyawi nokutekenyedzwa. Uye imi varume pano mune chechi idzi, mukarega zvakadaro zvichipinda muguta,uye, munozviziva, Wakaipa ane mano, uye a—apinda muzvinhu zvakadaro. Wotangagakava. Uye a—anosunga vanhu, okonzera nyonga-nyonga muchechi, nezvakadaro. Asi handizvo.

91 Zvino, apa. Hazvinei kuti uri kunatsa zvakadini, hechino chinhu chimwechatinotadza nokupotsa,

hama dzangu. Zvino ndava kupedza, ndichitaura izvi.Hazvinei kuti ndiri kunatsa sei, uye ndiri mushoko zvakadini, uye kutindinoziva Bhaibheri raMwari zvakadini; kana ndisina Mweya waMwari, worudo,mumwoyo mangu, kuvanhu vari munyika, ndinenge ndakaipa.

Zvino, Pauro akati, muna Vakorinte Yokutanga chitsauko 13, "Nyangwe ndine zivo,maona, uye ndichinzwisisa zvakakavanzika zvose zvaMwari, maona; pasi pazvose,ndomira; uye ndisina rudo, handizi chinhu. Nyangwe ndikataura nendimi dzavanhuuye dzavatumwa," ava ndivo vaya vanotaura kuna Mwari, uye vanokwanisakududzirwa nguva yose. "Nyangwe ndikataura nendimi, ndimi chaidzo dzavanhunedzavatumwa, ndisina rudo, rudo, hazvindibatsiri." Nokudaro ndikazivazvakavanzika zvose zvaMwari, uye ndichikwanisa kuzviradanura kuti—kutizvipindirane, asi ndisina rudo, zvinondibatsirei? Uye kana ndika…

92 Jesu akati, "Neizvi vanhu vose vachaziva kuti muri vadzidzi Vangu, kana mune…"kana veAssemblies vane rudo kune veOneness, uye veOneness vane rudo kuneveAssemblies, "kana mune rudo, mumwe kuno mumwe," anatsa kana akanganisa.Uyezve kana chinangwa chakaipa, tingati donzvo rakaipa, zvimwe, wakaipa kubvirapamatangire ako. Handizvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Maona,"Nyangwe ndikataura nendimi dzavanhu navatumwa, asi ndisina rudo, handizichinhu." Nokuti, Mwari rudo. Tinozviziva.

Ndinotenda mukutaura nendimi. Zvino, mumwe munhu akati, "Hama Branham havatendimuchiratidzo chokutanga." Ndinoda kujekeserana nemi iko zvino. Maona? Ndinodakukuudzai. Ndinotenda kuti kana munhu agamuchira Kristu, agamuchira chikamu choMweyaMutsvene. Nokuti, Jesu akati, muna Mateo chi—chitsauko 12, chitsauko 5 uye makumimaviri-…ndima 24, Akataura. Kwete, ndinotenda kuti ndiJohane chitsauko 5 ndima24. Akati, "Uyo anonzwa Shoko Rangu, uye achitenda kuno Uyo wakaNdituma, anoHupenyu Husingaperi." Zvino, kune mhando imwe yoHupenyu Husingaperi. "Uyevasingapindi mukutongwa; asi vabva murufu kupinda muHupenyu."

93 Zvino, ndinotenda kuti hakuna munhu anokwanisa kuzvidana Mwari anototiamudaidze. Uye kana Mwari akamudana zvechokwadi…Uye kuna vanhu vazhinji,tinozviziva, hama, vanopinda mumanyawi vofunga kuti Mwari akavadana, asihupenyu hwavo hunokurumidza kuti…munoona, munozozviona. Asi kana Mwari akudana,hongu, uchauya, uchavako, uye haudzokeri shure, maona, munozviziva. Uye kana… Zvino, haizi dzidziso yechiBhaptist. Munozviziva imi, maona. Asi, Handitendi kumhorosana maoko kuti uwane kuchengetedzwa Kusingaperi,nezvimwe zvakadaro. Ini—handitendi mazviri, kwete zvachose. Kana vachidakuzvitenda, zvakanaka, zvakanaka zvose. Ini ndinoti ihama dzangu zvakadaro.

94 Mangwanani ano, dai ndaikumbira chidimbu chepai, (yava kunanaira kusvikapanguva yokudya yamasikati), ndingadya cherry, iwe ungadya apuro, asi tose tirikudya pai. Maona? Saka hazviiti mutsauko, chero tichidya pai. Ndiyo nzira yatinotenda nayo.

Kana uchida kuva weOneness, iva weOneness; kanauchida kuva weAssembly of God, iva weAssembly of God. Kana uchida kuvachaungada kuva hazvinei, ingava Bhaptist, Presbyterian, iva muKristu mazviri.Maona? Uye—uye zvinzvere pachako, asi usakakavara navamwe. Nokuti, zvinhu zvidikiizvi, zvinosangana zvose. Ndizvozvo. Zvinosangana zvose zvouya pachinhu chimwechete.

Uye—uye hazvinei kuti taitei, mashura mangani atakwanisa kuita, makomo manganiatafambisa, kana chipi zvacho; kusiya kokunge tasvika panzvimbo yokuva norudo,kwete kunyepera, asi kudanana. Kana tichida hama imwe neimwe, zvisinei kutindewechechi ipi, tinomuda; kwete kungonyepera kuti tinomuda, nokuti tinozivakuti zvakafanira pakunamata, ndizvo zvazviri, "Tinofanira kuzviita." Asi,nokuti tinozviita, tinodanana; zvino, mwoyo murefu, kunzwirana.

Ndinotenda, ndiVakorose 3, pandima 9, pamwe kana padyo naipapo…Dzimwe nguva,ha—handi… Ndingakanganisa Rugwaro rwacho, asi Rakataura izvi. Shure kwokungetava muKristu, hatichafaniri kuchochora. Maona? Hatingavi nokutenda kanatichiedza kukudzana uye kuremekedzana. Maona, hatingakwanisi kudaro; hatingavinokutenda. Tinofanira kuremekedza Mwari, maona, toMukudza. Ndotenda muhamadzangu, zvirokwazvo, norudo; asi kukudzwa nokuremekedzwa ndezvaMwari!Zvinotungamirirwa na…Kutenda uye nokuvimba mumwe kuno mumwe. "Uyemusanyeperana." Maona? "Musanyeperana." Kana ndikakuudza mangwanani ano, kuti"Ndinokuda," ndinofanira kurevesa. Kana zvisina kudaro, ndiri munyengeri.Ndizvozvo chaizvo.

95 Zvino, hama, papfungwa iyi…Zvino, Hama Tommy, ndinovimba kuti handinakukunonotsai zvakanyanya pano. Ini …Hama Tommy vane zvokutaura iko zvino uno.

Asi ndingangotaura izvi, kana ndauya pakati penyu… Ndinotenda izvi. Ndinotenda kuti Mwari Baba vedu vakaputira mhandara yainziMaria, uye vakasika maari chizenga cheRopa chakazobereka Jesu Kristu, waivaMwanakomana waMwari, tabhernakeri makazviratidza Mwari Pachake, munyama,akaZviratidza pakati pedu. "Mwari aiva muna Kristu, achiyananisa nyika kwaAri."Ndinotenda kuti Ropa iroro rakadeurwa paKarivhari, kuitira kanganwiro yezvivizvedu. Uye Mweya ukabuda maAri ukadzoka paChechi, nokuti, Kristu, MweyaMutsvene; Kristu, Shoko, aiva matiri zvino, bhabhatidzo, yoMweya Mutsvene.Uchitiita…

Kristu akaZvipatsanura, achipa Hupenyu Hwake kuno mumwe nomumwe wedu,kuti isu, seboka ravanhu, tive Kereke yaMwari.

96 Uye nguva pfupi yapfuura… Ndaisitasva. Munozviziva. Baba vangu vaiva mutasvi, vari nyanzvi. Ndaisitasva.Takananga ku—ku…kuBani reArapaho, ndiri kureva Rwizi runonzi Troublesome, rwurikuSango reArapaho. Bato reHereford rinofudza kubani irori. Uye mubani iri,vafudzi, va—vane bundo rakawanda zvokuti vanokwanisa kukudza. Uye purazirinokwanisa kupa huswa hwakawanda hunokwana tani, unokwanisa kufudzira mhouku—kumafuro, ari zasi kweEstes Park uko, zvakare unokwanisa kufudzira mhoupama-…Ndiko zvakare kumwe kune nzvimbo yangu yandinovhimira, ikoko. Uyendakafudzirako kwegore. Ndaienda, panguva yeChirimo uye yeChando, kana ndapiwamazuva kubva pabasa uye pandaikwanisira, ndainotasva tichidzora zvipfuwo, kutindingovapo, nokuti ndinofarira kutasva.

Uye kwose kumusoro nezasi kweran…baniiri, maiva makazara navafudzi vaiva nemvumo, yokufudziramo n'ombe dzavo. Uye muChirimo, kazhinji, ndakavabatsira kukokorodza mombe dzavo nokudzitinhiraimomo. Uye pane fenzi yomuganhu, yokuti dzisapinda pamafuro avanhu, dzichipfuurakuenda kuranji. Uye muridzi weranji aimirapo achiverenga n'ombe dzachodzichipinda. Zvino ndakagara, mazuva mazhinji, maawa achingopfuura; ndichionan'ombe dzaVaGrime dzichipinda, chikwangwani chake chainzi Diamond Bar; yeduyainzi Turkey Track; yavo yaizvi Tripod pazasi pedu; uye Jeffrey, nezvimwevo.Zvino ndaiti ndaisa gumbo rangu paseduro, sezvinozivikanwa navazhinji venyu,ndakagarapo uye ndichitarisa muridzi weranji uyu akamira ipapo, achiverengan'ombe idzi. Ndakacherechedza chinhu chimwe. Akanga asina hanya zvikuru kuti yaiva mhandoipi. Asi pane chinhu chimwe chaainyatsotarisa, chaiva chikwangwani cheropa.Yaitofanira kuva Hereford isina rimwe ropa mairi kana kuti yaisapinda nedzimwemukati mefenzi, asi ruvara rwakanga rusina basa. Ndinofunga ndiyo nzira yazvichava paKutongwa. HaAzotariri kuti tiri vapi, asiAnozotarira chikwangwani cheRopa.

97 Ndakakanganisa zvakawanda, hama, uye ndakaita zvinhu zvakawanda zvakaipa. Uyekana nguva dzipi zvadzo pakufamba ndakakonzera, kana kuti wakanzwa chimwechandingadai ndakatsoropodza kana chandakataura, chingava chakakukanganisaneimwe nzira, ndinokukumbira, sehama yechiKristu kana hanzvadzi, ndiregererevo.Ndinenge ndisingadi kudaro. Ndakuudzai zviri pamwoyo pangu, kuti muzvizive.

Kana pane anoda kubhabhatidzwa, imi hama itai, mega, (maona.) Kureva kuti, Ini—handiiti.Kana ndikaita, ndiko kubhabhatidza kwandingaita munhu, sezvandataura. Hazvinamhosva kuti abhabhatidzwa navapi, maona. Saka unokwanisa kutora munhu, wavarikubhabhatidza muZita raBaba, Mwanakomana, uye Mweya Mutsvene, nowavarikubhabhatidza muZita raShe Jesu Kristu, zvakare. Saka kana ndakabhabhatidzamunhu…asi handisati ndambozviita. Ndakangobhabhatidza muchechi mangu chete, uyendezvavanhu vemo. Uye ndiyo nzira yatinobhabhatidza vanhu muchechi mangu. Kanamukatarira shure, ndiwo maitiro akare echiMishinari, maitiro akare aMamishinarieBhaptist. Uye zvino kana… Ndizvozvo.

98 Ndinotenda muKupodzwa kwavarwere. Ndinotenda mukuBhabhatidzwa noMweya Mutsvene.Ndinotenda mu—muMweya Mutsvene unotaura nendimi. Ndinotenda chipo chosechakapiwa naMwari kuChechi Yake. Ndinoenderana nazvo, zvizere. Asi ndinotenda… Handiwirirani nezvakawanda zveizvi zvatinazvo zvokupodzwa kwamanomano kwatinakonhasi.

Ndinoda kumbotaura zvimwe apa. Nguva yapfuura paiva nehama…Uye akangaasiri Hama yangu anodikanwa Tommy Hicks, wandinotora somuranda wechokwadiwaKristu. Aiva mumwe murume kune imwe nyika, uye munyika iyi vaiva ne…Aivawozvake, nguva dzose, "Mupodzi waMwari asiri wechokwadi! Kupodzwa kusinachokwadi," munoziva, zvakaita saizvozvo. Uye ndine tsamba shure kwokunge murume uyu a…kubva kuchechi yeLutheran. Munyoriwangu anozviziva tinayo mufaira. Handingataure zita romurume wacho, nokutihachizi chiKristu. Nyangwe, ndisingawirirani namafungire ake, asi zvakanakahazvo. Ndinomuda. Ihama yangu.

99 Asi zvakasvika panzvimbo pokuti vaitsvaka kunzwa kutekenyedzwa, kana kuedzakuzvizunguza, kana zvimwe zvakada kudaro, maona. Zvino, izvo, hazvina kunaka,maona, hama. "Kuzunguza muviri kunobatsira zvishoma kwazvo." Zvino uyu muparidzi weLutheran akanyorera muparidzi uya tsa—tsa—tsamba. Achiti,"Imi vavhangeri vokuAmerica munouya kuno," akati, "nokupodza kwenyu kwamanomanokumunhu wose wose!" Zvino izvi zvinoita sokuzvirumbidza kwandava kuita, asi Mwari anoziva kutihandidi kudaro. "Asi," akati, "pakafa musikana mudiki Deborah Stadsklev, mwanauya, uye mai vacho vakamira zuva riya muIndia…muCalifornia, kwakafira mwana,uye atonhora. Uye pakaonekwa… vakaisa mwana mumaoko eHama Branham, ivo vakamiraipapo vakanamatira mwana. Akatanga kuchema nokupfura; uye vakamudzorera kunamai vake."

100 Vaizivavo nezvakaitika kuMexico. Zvatingati, zvakataurwa neveFull GospelBusiness-Men. Munofanira kuva nezvimwe zvakasimbiswa nachiremba. Pakafa mwanamudiki wokuMexico mangwanani aya, nenguva dza9.00, uye iyi yakanga yava 11.00husiku hwacho. Dhokota akanyora sitatimende yake. Hama Espinoza, avovanozivikanwa nevazhinji venyu veAssembly of God, ndivo vakapiwa sitatimendeiyi nadhokota, kuti akanga afa.

Ndakaona chiratidzo; apo maKatorike zvuru makumi maviri vakauya kuna Kristu,muGuta reMexico. Ndakati, "Tangai mabvunza. Handizivi, mwana uyu …Ndakangandichangobva kuona chiratidzo chacho." Uye Billy aivapo, achiedza, namakumi matatu kana mana amaasha, havana kukwanisakumisa mudzimai uyu kuti asapindira mumutsetse wokunamatirwa, nomwana wake.Aimhanya napakati pamakumbo avo, nazvose.

Saka, pakupedzisira, ndakatuma JackMoore ikoko. Ndakati, "Enda, undomunamatira." Ndakatarira uku, ndikaona mwana mudiki wokuMexico achinyemwerera. Ndikati,"Mira zvishoma. Uyai naye pano." Maona? Zvino pandakaisa maoko angu pagumbezeracho…Mvura yakanga yanaya, zuva rose. Uye vakanga vamirapo kubva mangwanani,uye dzakanga dzava 11.00 manheru acho. Zvino ndakaisa maoko angu pamwana mudikiuyu. Iye akatanga kukava-kava nokuchema. Vanhu vakatanga kuita mhere mhere.

101 Zvino, vakaenda naye ndokutora sitatimende. Vakaenda kuna dhokota, zvinodhokota akati, "Ndanyora kuti mwana afa, mangwanani ano nenguva dza9.00. Afanamabayo." Maona? Uye zvino zvinhu izvi nde—nde—ndezvechokwadi. Inhaurwa.Zvakafanira kudaro. Tinofanira kunge takatendeka uye tichitaura chokwadi pazvinhu zvose. Musazviitakuti…Regai zviri zvazviri. Regai zvi …Mwari haana chaanoda kubatsirwa pane chiizvacho. Maona. NdiMwari.

102 Zvino izvi akati zvino, "Asi amai ava pavakadana Hama Branham kuAmerica,vachichema pafoni, 'Uyai kuno mumutse mwana wangu!' Uye Hurumende yeUnitedStates…" Murume wake mufundisi kuMauto. Uye mose munoziva Julius, vazhinji venyu;akanyora bhuku pamusoro pangu, Muprofita Anoshanyira Africa.

Uye mai vaya vainzwisa tsitsi vechiNorwegian, vaiungudza, zvikuru, vachiti,"Hama Branham, ndakanga ndiripo zvakamutswa mwana uya!" Vakati, "Tinokutendaikuti muri muranda wa…waKristu." Vakati, "Uyai, muise maoko pamwana wangu,achapona." Akafa munguva pfupipfupi, nechirwere chamabayo; akarwara kwemaawamana, kana mashanu.

Uye varume ava vakanga varipo, vachidanidzira nokuita mhere, nokutomhuka,vachiti, "Mwari achamumutsa! Mwari achamumutsa!"

Uye vakati… Neizvi, VeAmerica…kana, kwete ndege yeAmerica. Mauto eUnited States ndivovaizonditora nejeti, nokundidzora, zuva rimwe chete iroro. Maona?

103 Zvino ndakati, "Ndisati ndauya, regai nditsvake kuda kwaShe." Saka ndakanamata,kwamazuva maviri. Uye dhokota wacho akanga akanaka kwazvo zvokuti akarega mwanaaripo.

Zvino, mumwe musi mangwanani, ndamuka ndokutanga kufamba kubuda mukicheni.Ndakatarira; ndakamira ipapo, saizvozvo, ndakaona Chiedza, chakada kuita seichochiri apo, chaitenderera, akati, "Usabata izvo. Usatuka izvi. Ruoko rwaShe."

Ndakamhanya ndokufonera vanhu venyika yangu, uye ndakafona ndikati,"Ha—Handikwanisi kuuya."

Zvino muparidzi uyu weLutheran akati, "Sei musingamiri kusvika manzwa zanochairo rinobva kuna Mwari, sezvakaita Hama Branham, zvino unozoziva zvaurikutaura!"

104 Zvino, ndizvo zvazviri, hama, musamhanyira kuti ndeizvi; momira, monyatsowana,zano chairo kubva kuna Mwari. Uye nzvimbo dzose idzi dziri pano, dzokunamatira vanorwara dzisina zvadzinozivanezvaMwari. Ndinotenda kuti Kupodzwa kwakaiswa panheyo, yokuti unofanira kuuyakuna Mwari, kutanga, woMupa mwoyo wako, uye wogeza hupenyu hwako muRopa raJesuKristu, zvino Mwari anozoshanda newe nokukupodza. Sezvataurwa nehama, pamusoropomudzimai mudiki waanga anamatira uko, mutsvene waMwari, maona.

105 Muhupenyu hwangu, ndakakanganisa kazhinji. Ndakaita zvinhu zvakawanda zvandangandisingafaniri. Zvichida, ndikararama nguva refu, ndingakanganisazve zvimwe.Zvichida zvimwe zvacho zvichava zvigumbuso munzira yenyu. Ndinovimba kutimunondiregerera.

Ndaiverenga nezvaAbrahama, pazvigumbuso zvaaiva nazvo. Kuti iye, imiwe, zvinhuzvaakaita; akakahadzika pana Mwari; uye akanyepa pamusoro pomukadzi wake; uyenezvimwevo. Asi pakanyorwa nezvake muna VaRoma 4, hapana kutombotaurwanezvokukanganisa kwake, asi pakanzi, "Abrahama haana kukahadzika"nokusatenda…muna Mwari, "asi akanga akashinga." Kukanganisa kwake kwosekwakakanganikwa, Zvinyorwa zvohupenyu hwake pazvakanyorwa. Kugumbuka kwakehakuna kana kutombotaurwa. Mhosho dzake hadzina kutaurwa. Uye, hama, ndinotarisira, kuti kana hupenyu hwangu pahuchaverengwa Zuva iro,kuti Achadzima, zvanguvo, nokusafunga nezvazvo. Ndinotarisira, muchadarovo. Mwari akuropafadzei.

106 [Chiremba Tommy Hicks anokwira kumaikorofoni kuti aite zvinotevera:

Ndinofunga kuti tinogona kutaura mangwanani ano kupedzisa zvose zvakataurwa nemashoko aya. Kristu mandiri tariro yekubwinya. Ndapota, vataure. Kristu mandiri tariro yekubwinya.

Pane zvinopinda-nekubuda nezvinogoneka muhupenyu hwemunhu wese. (Handisi kuzotaura.) Ndine mharidzo. Ndinotenda kuti Mukristu wese anga ari...?...Jesu...?... Mwoyo wangu wamutswa mangwanani ano, uye ndinotenda kuti kune vazhinji vedu zvimwe zvinhu zvinotivhiringa...?... ita isu tiri nani varume nevakadzi vaMwari.

Babe Ruth aizivikanwa saHomerun King. Asi waiziva here kuti Babe Rute aivewo Mambo weStrikeout? Akarova kakawanda kupfuura zvaaimboita achimhanya kumba. Akakunda ka1,330; akaita 860 chete kumhanya kumba. Asi nguva imwe neimwe Babe Ruth paakarova, aidzokera kune yakacherwa apo mucheri wezvemitambo akashevedzera kuti, "Wabuda," akadzokera pakacherwa ndokukwesha maoko ake ndokusimudza chiremwaremwa ndokunongedza paruzhowa, uye aigara achiti, "Ndinonzwira tsitsi chirongo chiri kunze uko."

Hapana chakaipa pakurova kunze, asi rangarira: nhonga chiremwaremwa...?... nokuti Kristu ari mandiri tariro yekubwinya. Taurai zvakare ndapota: Kristu mandiri tariro yekubwinya. Ndizvo zvose.]

Hongu.

[Ndizvo zvese.]

Ndizvozvo.

[Ndizvo zvese.]

Zvose. Ameni.

[Hareruya. Kupopotedzana uye kurwa hazvifi zvakapedza basa racho. Tave pedyo zvakanyanya...]

Ameni.

[...kune rimwe divi. Tasvika pakusadzoka. Kangani kandakanzwa kaputeni achidana kudzoka mundege kuti: "Iye zvino tasvika pakusadzoka."

Nguva pfupi yapfuura ndakanzwa inzwi raibva kune imwe nyika rakataura neni richiti, "Mwanakomana, wasvika pakusadzoka." Izvi zvinoreva kuti ndave pedyo nekune rumwe rutivi kupfuura ini kubva kwandakatanga kubva.

Ndapota, vhara maziso ako; kotamisa musoro wako.

Baba vedu vekudenga, mangwanani ano, tinotenda uye tinoonga sei kuti tinogona kutaura kubva mukati memoyo wedu uye nemukati memweya yedu, "Kristu mandiri—Kristu ari mandiri, tariro yekubwinya." O, Jesu, isa maoko eNyu erudo kumativi ose emurume nemukadzi wese, uye dai maonero edu nezviso zvedu zvisimudzirwe kumusoro, kumusoro, kumusoro, kumusoro kupfuura zvinhu zvenyika ino, kuti tione Kristu, uye vamwe vaone Kristu mukati. isu. Isa ruoko Rwenyu pane mumwe nemumwe wevaranda veNyu...]

Zviitei, Ishe.

[... zvimwe, sezvatichabuda munzvimbo ino mangwanani ano kuti tichafunga kuti hatione chimwe chinhu kunze kwaKristu chete...]

Ameni.

[... inogamuchirwa mukati memumwe nemumwe. Tinoziva kuti basa iri—pane basa guru rinofanira kuitwa, Jesu; kune goho guru richakohwewa.]

Hongu, Ishe.

[O, tibatsirei, Ishe...]

Hongu, Ishe.

[... kuti tichabatana maoko pamwechete ...]

Zviitei, Ishe."

[uye kutsvaira mugoho...]

Hongu, Ishe.

[... kuhwina vakarasika uye kufa nguva isati yakwana.]

Hongu, Ishe.

[Ndinoda kuti usimudze ruoko rwako uye ungorumbidza Zita raIshe wedu Jesu Kristu.]

[Hama Branham nevanhu vanorumbidza Ishe.]

[Tomira here, ndapota. Ndinoda kuti usimudze maoko ako uye uimbe neni “Ndinomuda.” Unomuda here...]

Ameni.

[... mangwanani ano? Unomuda nemoyo wako wese here? Simudzai maoko enyu muimbe, mose pamwe chete, “NdinoMuda.”

Ndinomuda, ndinomuda,

Nokuti akatanga kundida.

Ndikatenga ruponeso rwangu

Pamuti weKarivhari.

Ndokumbirawo mungoreverera...

Munoziva, vamwe vashumiri, muArgentina takava nevanhu vanopfuura 400 000 mubasa rimwe chete; nguva nenguva taona vanhu. Uye ndinorangarira masikati okutanga, takanga tine vanhu vanopfuura 400 000 vakanga vachiimba kudaro nechiSpanish, uye ndakavaita kuti vauimbe, uye kunze kwaiva nevanhu vanopfuura 300 000. Takakumbira vanhu vaive mukati kuti vangonyarara zvavo vanhu vaive panze vachipururudza mashoko erwiyo urwu. Uye kamwe-kamwe, pavakanga vachiiimba, pane chimwe chinhu chakafashamira mweya wangu. Ndakanga ndisati ndamboziva muupenyu hwangu chizaruro chaKristu mandiri kusvikira ndanzwa maungira evanhu 300 000 panze vachingohon'era vachiti “Ndinomuda” kunze...?... mangwanani ano ihondo huru huru yaMambo. yekubwinya, uye vari kuimba. Vanoda ani? Unoda ani?]

Hongu.

[Kristu, Kristu mandiri.]

Hongu.

[Tariro yekubwinya. Vhara maziso ako, simudza maoko ako, uye uimbe zvakare, munhu wese.]

Hongu Ishe.

[Ndinomuda, ndinomuda,

Nokuti akatanga kundida.

Ndikatenga ruponeso rwangu

Pamuti weKarivhari.

Kana uchiMuda mangwanani ano, kumbundira varume vatatu kana vana vakasiyana; navakadziwo vanoita zvimwe chetezvo; uye uchiti, “Ndinoda Ishe Jesu Kristu.” Ndizvozvo; simudza maoko ...]

107 [Zvichitevera kudavirwa kwerudo uku, Hama Branham vanodzokera kumaikorofoni—Mupepeti.] Dai ndaiona izvi zvichiitika pasi rose, ndaiti, “Ishe, regai muranda wenyu aende norugare.”

Mharidzo Na

William Marrion Branham

"... mumazuva eShoko ..." Zvak. 10:7

www.messagehub.info